ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ
JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK
PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ

PEDAGOGIKA FAKULTETI
MUZIKALIQ TÁLIM KAFEDRASI

5111100- Muzıka tálimi bakalavr baǵdarı 4b – kursı talabası
Abdireimova Sayora Amanbay qızınıń
"Mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyeti" atamasındaǵı

# PITKERIW QÁNIYGELIK JUMÍSÍ

| | | |
|---|---|---|
| Talaba: | | S.A. Abdireimova |
| Ilimiy basshi: | | p.i.k. S.E. Romanova |
| Kafedra baslıǵı: | | A.J. Allanov |

*Kafedra májilisiniń 2022 - jıl 25 – may sanesindegi 10 - sanlı protokolı menen qorǵawǵa ruxsat berildi*

Nókis-2022 - jıl

Tema: Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyeti

**JOBA:**

Kirisiw

I-Bap. Mámleketimizniń rawajlanıw jolı hám muzıka tálim-tárbiyasın búgingi kundegi jaǵdayı

1.1.Mámleketimizniń muzıka táliminiń bugingi kúndegi tarbiyası jumısları

1.2. Mektepke shekemgi jastaǵí balalarǵa tálim beriwde pedagogikalíq kompetenciyası hám didaktikalıq oyınnıń tiykarǵi rawajlandırıwshi áhmiyeti

1.3. Balalardí estetikalíq tárbiyalawda muzíkaníń tarbiyalıq áhmiyeti

II-Bap. Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham tarbiyası

2.1.Muzıka iskerlik turleri

2.2.Mektepke shekemgi mákemelerde muzíka tálim-tárbiyasí hám oqıtıw metodikası

2.3.Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń sazendelik hám qosıqshılıq qábiletin rawajlandíríw iskerligi hám bilim alıw dóretiwshilik úqıbın rawajlandırıw

Juwmaqlaw

## KIRISIW

Baqshada muzıka basshısı "*..óziniń eń tiykarǵı waziypasın xoh zaldaǵı koncert waqıtında, ol muzıka sabaǵıma, balalar menen sawbetleskende, olardı muzıkaǵa qızıqtırıw, emocional shaqırıw, óziniń muzıkaǵa muxabbatın olarǵa sińdiriw zárúrligin bir minut hám unıtpaw kerek".( D. V. Kabalevskiy)*

**Jumıstıń aktuallıǵı.**

Bugingi kúnde balalar bilim beriw processınde iyellewi kerek bolǵan bilim kónlikpe tájiriybe elementlerin baqlaw, muzıka tálimi processı arqalı dúnyanı tanıwǵa kómek beriw ushın bul tarbiya jumısları etip belgilengen.

Muzıka tarbiyası arqalı insannı hár qanday jaman ózgesheliklerden uzaq etip tarbiyalawǵa boladı, bul haqqında kóplegen ilimiy juwmaqlarislep shıǵılǵan. Sonday eken insannı eń dáslep bala dawirinen tarbiyalap barǵan hár tárepleme jaqsı.

Muzıka pánin úyretiwde balanıń kishi waqıtınan baslap úyretedi. Ol oqıwshılarına muzıka álemine jol ashadı, olarnıń ustazı hám dostına aylanadı. Muzıka oqıtıwshısınıń aldında túrǵan waziypalar balalardıń ózine say ózgesheliklerin ashıp beriw, óz minezi hám imkaniyatların anıqlaw, onı qızıqtırıw, onıń muzıkalıq qábiletin rawajlandırıwdıń eń qulay jolların tabıwdan ibarat. Biraq hár bir muzıka basshısı hám isı wazıypalar kompleksin orınlawdı ámelge asıralmaydı, jeterli dárejede pedagogikalıq sheberlikke iye bolmaydı hám yaqsı muzıkant bola almaydı. Bunıń ushın hár bir muzıka oqıtıwshısı ulıwma pedagogika ne ekenligin, turmısta qanday orınǵa iye ekenligin seze alıw, muzıkanı seze alıp onı pedagogikalıq sıpatlar arqalı oqıwshılarǵa jetkeriw zárur hám de bunıń ushın oqıtıwshıdan óz ústinde izleniwi, tájiriybe arttırıwı, kóp bilim alıwı hám pedagogikalıq sheberlikke iye bolıwı zárúr boladı.

Mámleketimizde hár tárepleme bárkamal awladtı tárbiyalap kamalǵa jetkeriw ushın bárlıq múmkinshiliklerdiń jaratılıwı - jaslar siyasatı tarawında ámelge asırılıp atırǵan tereń oylanǵan hám ámelge asırılıp atırǵan waziypalardıń

nátiyjesi. Biz ushın jaslardıń erkin pikirlewshi shaxs sıpatında jámiyetten óz ornın taba alıwı Watanımız  hám xalıqımız mápleri ushın bar kush hám imkaniyatlardı qollawında tálim tárbiya jumısları eń áhmiyeti.

Házirgi dawirde sabaq pán hám mádeniyattıń eń sońǵı jeńisleri tiykarında keleshegimiz bolǵan jas awladtı turmısqa tayarlawdıń nátiyjeli forma hám metodların izlew juda zárúr.

Hár qanday pán tabiyat, jamiyet hám sezim rawajlanıwınıń obyektiv qaǵıydaları tuwralı bilimlerdiń juwmaǵınan, jámlesiwinen, isenimli hám ulıwmalasqan bilimler diziminen turadı. Onıń ajıralıp turıwı hám normative iskerlik kórsetiw ushın onıń ózinde shaxsiy tusıniktiń barlıǵı belgili shart bólıp esaplanadı. Tárbiya, tálim hám oqıtıw pán sıpatındaǵı pedagogikanıń tiykarǵı túsınigi.

Tárbiya social múnásibettiń sonday bir turi bolıp, ónda shaxsqa baǵdarlaǵan jaǵdayda qáliplestiriw maqsetinde bir túrdegi adamlar basqa birewlerge tásır ótkeredi.

Jámiyet hám sezim rawajlanıwınıń obyektiv qaǵıydaları tuwralı bilimlerdiń juwmaǵınan, jámlesiwinen, isenimli hám ulıwmalasqan bilimler diziminen turadı. Hár qanday pánnıń ajıralıp turıwı hám  normative iskerlik kórsetiw ushın onıń ózinde shaxsiy tusıniktiń barlıǵı belgili shart bólıp esaplanadı. Tárbiya, tálim hám oqıtıw pán sıpatındaǵı pedagogikanıń tiykarǵı túsınigi.

Tárbiya social múnásibettiń sonday bir turi bolıp, ónda shaxsqa baǵdarlaǵan jaǵdayda qáliplestiriw maqsetinde bir túrdegi adamlar basqa birewlerge tásır ótkeredi.

XX ásırdıń baslarında jasaǵan pedagog Abdulla Avloniy “Tárbiya bizler ushın ya ómir - ya ólim, ya qutilıw - ya apat, ya saadat-ya baxıtsızlıq máselesidur” degen tereń manıli bul sózleri, ótken ásır basında milletimiz ushın qanshama áhmiyetli hám aktual bolǵan bolsa, házirgi waqıtta da biz ushın sonday, bálkim onnanda kóre áhmietli hám aktual áhmietke iye[1]. Tiykarınan, máktepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka sabaǵın úyretiw processınde  tálim, tárbiya

[1] I.A. Karimov  Joqari ma`nawi’yat-jen`ilmes ku`sh.  T.. ‘Manaviyat’ baspasi, 2008-j, 62-bet.

hám maǵlıwmat ózara bekkem baylanıslı ráwıshte ámelge asırıladı. Jámiyetimiz bárqulla  rawajlanıp barıwı hámmemizge belgili. Bunıń ushın jańasha bilim berıw, ózgerip barıwshi miynet hám turmıs sharayatlarına muwapiq bolıwı  lazim. Demek, tárbiya jas áwladti turmısqa, miynetke tayarlawda, ol bar jámiyet imkaniyatların qáliplestırıw, jánede  rawajlanıw maqsetınde, kekse áwlad tárepinen arttirılgan tariyxiy tájiribeni toltırılǵan, jánede ideyalastirılǵan halda jas áwladǵa sıńdırıledı.

Muzıka tarbiyashısı muzıka arqalı oqıwshılardı dóretiwshilikke, erkin pikirlewge, estetika hám ádeplilik mádeniyatına úyretedi.

Muzıka insanǵa ilgeri onsha málim bolmaǵan ajayıp joqarı sezimlerdı ashıp beredi, ól insandı ózgertip juberiwge, onıń qálbin náziklestiriwge, ruwxıy jaqtan bayıtıwǵa kúshi jetedi. Sonıń ushın da muzıkanı insan tabiyatındaǵı barlıq jaqsı sezimleriniń aynası dep biykarǵa aytpaǵan. Muzıkanı suygen  insan ruwxıy jaqtan bay bolıp, júrekten náziklesedi, mánawiyatı joqarılaydı.

Tarbiyashınıń tiykarǵı maqseti oqıwshı bilimin sana sezimlerin rawajlandırıw, sheberligin qáliplestirip barıw bolıp olardı tarbiyalı insan bolıwın da kómeklesedi.

Muzıka kórkem óneriniń ahmiyeti, ónıń pán sıpatında ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtılıwı, sabaq barisın sholkemlestiriwde muzıka tarbiyashılarınıń alıp baratúǵın tálim – tárbiyalıq isleri, oqıtıwdıń hár qıylı metodları hám  balalardıń bilim, tájiriybe hám kónlikpelerin tekseriw hám de bahalaw haqqında pikerleri bildirildi.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka tarbiyasın uyretiw olarda muzıkalıq qábiletlerin shıǵarıw, muzıka tıńlatıw, muzıka táliminde balalardıń qosıq tıńlaw, atqarıw hám shertiw múmkinshiliklerin qáliplestiriw hám muzıka arqalı mektepke shekem jastaǵı balalardıń ruwxıy dunyasın bayıtıw. Muzıka tarbiyası arqalı olardıń  kórkem improvizaciya, dóretiwshilik qabiliyetlerin rawajlandıladı. Baqshalarda muzıka tarbiya jumısları bir neshe ámeliy isler alıp barıladı, jańa maǵlumatlarǵa iye boladi.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka tarbiyasın uyretiw ushın joqarı oqıw orınlarında yaǵnıy pedagogikalıq institutda eki yamasa ush semestr dawam etiwshi kurlar alıp barıladı. Bul pánni ózlestiriw juwmaǵı boyınsha kurs jumısı tapsırıladı. Talabalar mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde mámleketlik ámeliyatlar alıp barıladı hám tájiriybe toplaydı.

**Jumıstıń maqseti hám waziypaları:**

Mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa muzıka tarbiyasın pedagogikalıq metodlar menen jetkere bere alıw ushın bazalıq jol jobalar hám baǵdarlaw arqalı mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyetin kórsetip beriw. Sonday-aq, ámeliy jumıstı ózlestiriw barısında qosımsha tálim hám onı ózlestiriw processında ilimiy ámeliy jumıstı muzıka tarbiyashısı kórsetip beriwi, bilim beriw pedagogika mashqalasına zamanagoy jantasıw hám onı sheshiwdi tereń hám keńnen sawlalandiriw.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyetin kórsetip beriw maqsetinde bir neshe waziypalardı ámelge asırılıwın rejelestirdik:

-Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerindegi tarbiyalanıwshılardıń psixologiyalıq hám fiziologiyalıq ózgesheliklerin úyreniw;

-muzıka sabaǵi iskerliklari haqqında maǵlıwmat jiynaw;

-Muzıka tarbiyası iskerliklerin tarbiyaliq ahmiyeti haqqında ilimpazlar yamasa ilimiy jumıslar, pedagoglardıń ilimiy juwmaqları haqqındaǵı pikirlerin juwmaqlastırıw;

-Baqsha balalarına muzıkanı úyretiwde qollanılatúǵın pedagogikalıq waziypalar;

-Pedagogikalıq metodlar arqalı balalarǵa jetkere bere alıw ushın bazalıq jol jobalar hám baǵdarlawshı model hám texnologiyalardı islep shıǵıwdı úyretiw hám qollap kóriw joybalastırıw hám tuwrı tańlaw arqalı kónlikpe hám tájiriybelerin asırıwǵa kómeklesiwshi interaktiv metodlardı úyretiw;

-Muzıka oqıtıwda metodikanıń mazmunı, tarbiyashı dóretiwshiligine pedagogikalıq tásir etiw, muzıka táliminde rawajlandırıwlı dótiwshilik hám

interaktiv oyınlı hám interaktiv texnologiyalar, pedagogikalıq texnologiya va axborot texnologiyaları haqqında tiykarğı mağlumatlar beriw;

-Muzıka tálimi hám tárbiyası tarawındağı ilgeri tájiriybelerdi ulıwmalastırıw hám biriktiriw;

-Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka sabaği iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyetin kórsetip beriwshi juwmaq hám úsınıslar tayarlaw.

**Jumıstıń ob'ekti.** Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka sabaği iskerligi.

**Jumıstıń metodologiyalıq áhmieti**.

Prezident Sh.Mirziyoev shıǵarmaları, Mámleketlik Tálim Standartı, Ózgerisler strategiyası, pedagogika, "Ilk qadam" dástúri, mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıkanı oqıtıw metodikası, dıdaktika, psixologiya, metodıka, muzıka shıǵarmaları, ilimiy izertlew jumısları juwmaǵına, ádebiyatlarǵa tiykarında.

**Jumıstıń metodıkalıq áhmieti.**

Jumıs barısında temaǵa say ilimiy, ilimiy metodıkalıq materiallardan paydalanıw, oqıtıw metodları hám izertlew nátiyjeleri juwmaqlarınan paydalanǵanlıqta hám de awızeki metodlardıń bir eki usılların kórsetip usınılǵanında.

**Jumıstıń jańalıǵı**.

Bakalavr pitkerıw jumısında mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka sabaği iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyetin kórsetip beriw hám bul jumıstı bakalavr pitkeriw jumısı sıpatında ámelge asırılmaǵan.

**Jumıstıń dúzilisi.**

Pitkerıw qániygelik jumıs eki bap, juwmaqlaw hám de paydalanılgan ádebiyatlardan turadı.

## I-Bap. Mámleketimizniń rawajlanıw jolı hám muzıka tálim-tárbiyasın búgingi kundegi jaǵdayı

### 1.1.Mámleketimizniń muzıka táliminiń bugingi kúndegi tarbiyası jumısları

Keleshek awladtı tárbiyalap kamalǵa jetkeriw, keleshekte óz ornına iye bolǵan mánawiyatlı insan etip tárbiyalaw ushın mámleket tárepinen kóplegen múmkinshilikler jaratılǵan. Bul múmkinshiliklerden paydalanıp keleshekte kamıl insan bolıwında shańaraqtan keyin oqıtıwshı juwapkershiligi tiykarǵı orındı iyelegen. Biz ushın jaslardıń erkin pikirlewshi shaxs sıpatında jámiyetten óz ornın taba alıwı Watanımız hám xalıqımız mápleri ushın bar kush hám imkaniyatlardı qollawında tálim tárbiya jumısları eń áhmiyeti.

Mámleketimizniń rawajlanıwı jolında Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev demokratikalıq jumıslardı izbe-iz dawam ettiriw tuwralı jumıslardı, xalıq menen qatnas hám insan mááplerin qorǵaw – mámleket siyasatınıń bas baǵdarı ekenligi, xalıq qabılxanasınıń hám vertual oraylarıń shólkemlestiriliwi jumısları alıp barıldı. Bunda adamlar mápin qorǵawshı siyasatlar júrgizilmekte bular, xalıq ushın islew zárúrligin ilgeri súredi.

Respublikanı jánede rawajlandırıw boyınsha háreketler strategiyasınıń islep shıǵılıwı, onıń bas baǵdarı, xalıqtıń social ómirinde ámelge asırılıp atırǵan demokratiyalıq ózgerisler, sonday-aq, tálim tarawında alıp barılıp atırǵan modernizaciyalaw hám integraciyalastırıw processleri ámelge asırılıp atır[2].

Bul wazıypalardı ámelge asırıwda hár bir taraw iyesi óz wazıypasınan kelip shıǵıp búgingi jumıslardı keleshegimiz ushın ámelge asırıwı kerek, sonday-aq, hár bir pedagog óz pánin tolıq qániygesi hám sheber oqıtıwshı bolıwı kerek. Muzıka

---

[2] Маврулов А.А. “Ўзбекистон Республикаси Президентининг асарларида жамият ривожи ва
таълим-тарбия масалалари” модули –Тошкент 2018й 7б.б.

mádeniyatı páni oqıtıwshısı mekteplerde balalardı muzıka tálimi arqalı tálim-tárbiyaǵa úyretedi. Jumıs processınde pánniń ózine jarasa quramalılıǵı menen oqıwshılardı maqsetke qaray óz metodları menen tárbiyalap, pedagogikalıq komponentli interaktiv hám nátiyjeli metodları arqalı qáliplestirip baradı. Sabaq otiw principlerin onıń aktiv metodların islep shıǵadı hám úsınadı.

Muzıka tarbiyashısı muzıka sabaǵı arqalı oqıwshılardı dóretiwshilikke, erkin pikirlewge, estetika hám ádeplilik mádeniyatına úyretedi. Pedagogtıń tiykarǵı maqseti oqıwshı bilimin sana sezimlerin rawajlandırıw, sheberligin qáliplestirip barıw bolıp olardı mánawiyatlı insan bolıwın da kómeklesedi.

Muzıkalıq tárbiyası xalıqımızdı qádimden tárbiyalap kitap, mektep wazıypasın ornın basıp kelgen. Xalıq awızeki dástúrleri arqalı balalardı insan sıpatında tárbiyalap muzıka arqalı gózzallıqqa jetekleytuǵın bir qural etip, estetikalıqalıq hám emociyalıq ózgesheliklerin qáliplestirgen. Haqıyqıy muzıka shıǵarmaları zamannıń estetikalıqalıq-ádeplilik hám siyasiy ideyaların ulıwmalastıradı.

XXI ásirdiń rawajlanıwında mámleketimızde ózgeriwler strategiyası ámelge asıp onda qońsı mámleketler menen doslıq múnásebetin jaqsılanǵan kúnde pikirge qarsı pikir, ideyaǵa qarsı ideya, jahalatqa qarsı aǵartıwshılıq qudreti benen guresiw hár qashanǵıdan da áhmiyetli bolmaqta. Onıń tortinshi basqıshında kórkem-ónerge itibar qaratılǵan bolıp biz islep atırǵan másele bul jumıslarǵa xızmet etiwshi qural bolıp xızmet etedi.

Balalardı Watanǵa muhabbat, bay tariyxımızǵa, áwlatlarımız jaratıp ketken úlken ruwxıy baylıqqa sadaqat ruwxında tarbiyalaw, xalıqımız mápleri jolında jasap, miynet etetúǵın perzenti, milletsúyiwshi jaslar etip tarbiyalaw mámleketlik siyasatı dárejesıne kóterildi.

Ózbekstan Respublikası social rawajlanıw jolın tańlap milliy hám de ulıwmainsaniylıq miyraslar, sonday-aq, demokratikalıq baǵdarlanshwshı hám olarǵa tiykarlanıwshı usı rawajlanıw jolı insaniylıq, demokratikalıq hám xuquqiy jámiyet qurıw jolı sıpatında aytıp ótıldi. Puqaralıq jámiyettıń qurılıwı, eń dáslep, usı jámiyette jasap atırǵan púqaralardıń mánawiy-ádeplilik járepten, ruwxıy

tárepten jetisken, joqarı dárejedegi aqıl pikirge iye ekenliklerıne baylanıslı boladı. Sonday-aq, puqaralıq jámiyette ámel etiwshi social ólshewler áne sol jámiyette jasawshı shaxslar tárepinen jaratıladı. Milliy mádeniy miyras úlgileri hám olar mazmunında sawle salǵan ideyalar jas awladtı barkamal shaxs yetıp tárbiyalawda kerekli áhmiyetke payda yetedi.

Muzıka tárbiyası ulıwma tárbiyanıń tiykarǵı bolimlerınen bolıp, átıraptaǵı gozzal nárselerdi sanalı túrde sezip onı tusıne alıwǵa uyretedi. Muzıka insannıń ruwhiy dunyasın qálıplestıredi.

Muzıka tárbiyası bul estetika tárbiyasınıń kerekli bazası bólıp, jas awladtı kamalǵa keltıwde óǵan jetisisiwi ushın tásir etıwshi process. Bul process shańaraq hám mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinen baslap qálıplesedi hám jas awladtıń ishki dúnyasın bayıtıp, putkil ómiri dawamında óǵan joldas bólıp baradı. Muzıkanı seze alıw hám muzıkalıq estetika tárbiyasınıń tiykarı muzıka mádeniyati sabaqları esaplanadı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka mádeniyati sabaqların únemli ótıw hám muzıka tásiri astında balalarda bolıp atırǵan fiziologiyalıq hám psixologiyalıq processlardı aldınnan ańlaw hám túsıniw muzıka páni oqıtıwshısı aldına talap wazıypalardı júkleydi.

Muzıka tarbiya sabaqlarında muzıkalıq tálimnıń tiykarın qurawda fortepiano sáz ásbapı penen birgelikte, qaraqalpaq hám ózbek xalıq sáz ásbaplarında muzıkalıq shıǵarmalardı atqarıw, qosıqlarǵa qosılıp ritmikalıq háreketler menen aynaw shınıǵıwların islew úlken áhmiyetke iye hám bul tarbiya milliylikke tarbiyalawda ámelge asadı.

Muzıka basshısı óz jumısına jaqından jantasıp, dóretıwshiligi menen dásturiy talaplarǵa say sabaq ótıwi kerek. Muzıka sabaqlarında bizge belgili bolǵan jámáát bólıp atqarıw, muzıka sawatı, muzıka tıńlaw, ritmikalıq háreketler sıyaqlı tiykarǵı muzıkalıq jumıslardı óz ishıne aladı. Bárshe sabaq isleri bir-biri menen jaqınan bir putkillikti payda etiwdi kórsetedi. Muzıkalıq islerdıń óz-ara bir-birıne saylıǵı nátiyjesınde oqıtıwdıń rawajlandırıwshı, tálim-tárbiyalıq wazıypaları ámelge asırıladı.

Bugingi kunde, muzıka sabaqların ilimiy-metodikalıq tárepten hár tárepleme qálıplestıriw, oqıwshılardın sanasına hám qálibine muzıkanıń tásirın tuwri ańlay bilıwi, hám de muzıkanıń insan organizmına fiziologiyalıq hám psixologiyalıq tásirın ilimiy uyreniw muzıka oqıtıwshısı aldına actual wazıypalardan biri bólıp esaplanadı.

Muzıka kórkem-óneri judá tásirsheń bolıp ol oqıwshınıń sanasına emocional tásir etip olarda qósıqshılıqqa bolǵan qızıǵıwın kusheytedi hám tárbiya beredi.

Balalardıń ózgesheliklerıne qaramay onıń qalibine jól tabıp, sezimleri, keypiyatı, ruwhiy jaǵdayına tawlanıwshı reń-bereń názık dawıslar járdemınde kórkem obrazlar arqalı kushli emocional tásir kórsetıp, ozine tarta alıwshı ajayıp tárbiya qurallarınan biri – muzıka iskusstvosı. Bunda balalardı social turmıs jaǵdayı bolǵan oyın shınıǵıwları tiykarǵı qural bolıp esaplanadı. Sonıń ushın muzıka tálimi hám tárbiyasına juwapgershilik penen jantasıp, oǵan ayrıqsha itibar beriwde tarbiyashı itibarlı bolıwı kerek.

Búgingi kunde tálim sıpatların jaqsılaw máselesi Mámleketlik Tálim Standartı tiykarında ámelge asıp barmaqta. Mámleketimızde ámeliyatqa yeńgizilıp atırǵan zamanagoy tálim-tárbiya dizimi nátiyjeliligin asırıw, multimediya quralları hám axborot-kommunikaciya texnoligiyalarınan sapalı paydalanıw boyınsha metodikalıq járdem kórsetıw oqıtıwshı sheberligine baylanısli. Kadrlar tayyarlaw milliy dasturınde de oqıtıwdıń milliy hám zamanagoy sıpatların jánede jetılistıriw máselelerın ilgeri surmekte hám de bul máselelerge hár qashanǵıdan da juz tárepinen ulken itibar berilmekte. Muzıka tálimın beriwshi oqıw orınlarında oqıw binaların qayta rekonstrukciya etılıp, texnika quralları, tálim quralları, muzıka sáz ásbapları menen támiyınlemekte. Muzıka tálimi hám tárbiyasın jánede jaqsılaw haqqında mámleketimız tárepinen ǵamxórlıqlar hámmemızge belgili.

Bunday ilajlardıń mámleket tárepinen ámelge asırılıwı, mámleket siyasiy-mánawiy rawajlanıw jollarında da milliy tárbiyanı joqarılatıwda da mámleket basshı bolıwı, bul mánawiy baǵdarlardıń fundamentın tiykarlap beriw ayrıqsha aytıp ótıldi.

Respublikamızdaǵı ámelge asırılıp atirǵan bunday sezimlerdi qáliplestiriw insan shaxsınıń hár tárepleme rawajlandiriw hám tinishlıǵını saqlaw ushın tınımsız háreketler islenbekte. Elimızdiń tinishlıǵı eń dáslep jaslarımızdiń bilimli milliy sezimleri, estetikasın qáliplesiwinde esaplanadı.

Balalardı tárbiyalawda muzıka pániniń áhmiyeti úlken bolıp balalar muzıkalıq bilim alıw, tárbiya tabıw hám insan sıpatında qáliplesiwi kerek. Bunıń ushın sabaqta tarbiyashı bilim beriw metodları, sheberligi hám usılları áhmiyetli.

Hár bir pánnıń ózine jarasa bir tárbiyalıq áhmiyeti kúshli bolip muzıka tálimi balalardı tárbiyasında tez tásir etıwshı tárbiyalıq qural sanaladi. Muzıka sabaǵinda mámleketlik tálim standartinıń engiziliwi, milliy muzıka miyrasımızdan paydalaniw hámde úlkemızdiń mádeniyati milliy xalıq dástúrleri óz ornin tapqan, sonıń menen birge óziniń duzilisıne hám mazmunina qaray mámleketlik teritoriyası mektep paydası, oqıwshılardı ideologiyalıq, milliy sezimlerin olardıń sanasında  sawlelendiredi.

Muzıka tarbiya processı dáwirinde, oqıwshılardı pedagogik sıpatlar arqalı gózzallıqti seze alatuǵin, milliy muzıkaǵa miyrim hám háwes menen atqaratuǵin yamasa tıńlaytuǵin, milliy muzıka miyrasımızǵa iyelik etıwshı hámde dawam ettiriwshi barkamal insanlar etip tárbiyalaw tiykarǵi maqset etip qoyıladı.

Muzıka tálimi ótmısh tariyxımızda ham de búgingi kúnde muzıka insannıń qáliplesıwınde úlken úlesin qosqanlıǵını biz bilemız, onıń sana sezımine hám fiziologiyasına aktiv tásır kórsetedi. Orta tálim beriwshı mektepleriniń tiykarǵı waziypalarınan biri, óqıtıwshılardıń pikirlew oy orısınıń keńeytiwden turadı. Bul waziypanı ámelge asırıwda muzıka sabaǵı ayrıqsha áhmiyetke iye. Onda oqıtıwshı balalardı belgili bir muzıka shıǵarması menen tanıstırıp, onı mazmunlı etıp atqarıp, balalardıń dıqqat itibarın shıǵarmaǵa qaratadı, sol arqalı olardıń soylew mádeniyatın, pikirlew qábiliyeti rawajlanadı, dúńyaǵa kóz qarası keńeyedi, emotsional sezımlerine aktiv tásır kórsetedi.

Tálim hár bir jámiyettıń ajiralmas bólegi, mádeniyatı hám rawajlanıwdıń tiykarǵi kórsetkishı bolıp tabıladı. Solay eken, Ǵárezsizligimızdıń dáslepki kúnlerınen baslap tálim-tárbiya isıne  itibar kúsheyip, birinshi prezidentimızdıń

«Keleshek búginden baslanadı, házir tárbiya máselesıne itibar qılınbasa, keleshek joq boladı. Tárbiyadan xesh nárseni ayamaymız!» degen súrenleri astında tálimdi reformalastırıwǵa kirısıp, dáslep «Bılimlendırıw haqqındaǵı nizam», sońinan ala «Kadrlar tayarlawdıń milliy dasturi» islep shıgildi. Kámil insan tárbiyasi mámleket siyasatınıń basli maqseti dep daǵazalandi. Birinshi Prezidentimız I.A.Karimov «Kadrlar tayarlaw» máselesi tuwrali tórtınshı bas baǵdarlamasında aytıp ótkenındey «Biz aldımızǵa qanday másele qoymayıq, qanday mashqalalardı sheshıw zárúrligi tuwılmasın, gáp eń aqırında bári bir kadrlarǵa hám jáne kadrlarǵa barıp tıreledi. Biziń keleshegimız, mámleketimızdıń keleshegi, ornımızǵa kim kelıwıne yamasa basqasha aytqanda, qanday kadrlar tayarlawımızǵa baylanıslı desek asıra aytqan bolmaymız»[3].

Shaxstıń gormoniyalıq rawajlanıwında muzıka, hár jaqlama tásır etıwshı usıllarıń payda etedi. Sonıń menen birge, ósıp kiyatırǵan jas áwladttıń ruwhiy estetikalıq rawajlanıwınıń jańa forma hám metodlarınıń mexanizmlerın izertlew zárúrligin talap etedi. Pedagoglar oqıtıp atırǵan óqıwshılarıń bılim iyelewıne biyparwalıǵın, qızıǵıwshılıǵınıń tómen dárejede ekenligin tastıyıqlay otırıp, jańa effektivlik óqıtıw formasın, usılın, modelın dóretıwge umtıladı. Bul anıqlamadan kelıp shıǵıp muzıka sabaǵında  pedagogikalıq sıpatlar arqalı óqıwshılarǵa jetkeriw hám bılim berıwdı jetılistırıwdıń kompleksli algoritmin islep shıǵıw máselesi házirgi dáwir aktuallıǵına iye bolmaqta. Bul maseleni ámelge asırıwda:

Házirgi dáwirge shekem muzıka táliminıń óqıtıw formaların, usılların, prıncıplerın tallaw;

-Ulıwma bılimlendırıw tarawındaǵı pedagogikalıq texnologiyalarınıń dúzilislerın, mazmunın balalardıń óspirimnıń rawajalanıwına tásır etıwshı faktorların izertlep shıǵıw;

-Pedagogikalıq texnologiyaların muzıka pánınıń specifikasına sáykes óqıtıw jolların anıqlaw;

-Metodlardıń ózgeshelikleri, optimal usıllarınıń engiziw jolların anıqlaw;

-Orta tálim mekteplerınde zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalarınıń

[3] Karimov I.A. Yuksak ma'naviyat – yengilmas kuch. – Toshkent: "Ma'naviyat", 2008.-156 b.

óqıwshılardıń jas dáwirlerıne ajiratıp yaǵniy baslawısh klass hám orta klasslarda óqıtıw mazmunın anıqlaw;

-Balalarda gózzallıq tuyǵiların rawajlandırıw estetikalıq tárbiyalaw.

Ózbekstannıń "Tálim haqqındá'ǵi nizamina muwapıq" muzıka mádeniyatı" óqıw páni óqıwshılardıń ruwhiy hám mádeniy aǵartıwshılıǵın qálıplestırıp, milliy ózligin hám patriotlıq sezımlerın oyatıp, talantın ruwhiy hám korkem-ónerın rawajlandırıwǵa, oy-órısın keńeytıw, erkin pikirlew hám juwapkershılikke taárbiyalawǵa xızmet etedi. Barlıq óqıw pánleri qatarı muzıkalıq tálimde mámleketlik tálim standartınıń málim etılgen milliy muzıka miyraslarınan tolıq paydalanıwına imkaniyat jaratıldi. Sonday-aq, jas balalardıń milliy sezimlerin rawajlandırıwda da usı milliy kishi kólemdegi qosıqlardı úyretiw maqsetke muapıq. Bul  júmıslar Ilk qádem dástúrindede bir qansha waziypalardı jolǵa qoyıw máseleleri óz sawlesin tapqan.

2017 - 2021 jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlanıwın bes bas baǵdarı boyınsha Xáreketler strategiyasın 2017jıl 7-fevraldan tastıyıqlandı. Xáreketler strategiyasın «Jedel biznes, innovacion ideyalar hám texnoligiyalardı qollap-quwatlaw jılı» nda ámelge asırıwǵa say mámleketlik dástúri tastıyıqlandı.

Mámleket rawajlanıwınıń 5 basqıshı baǵdarı belgilenip olar tómendegishe:

1. Mámleket hám jamiyet qurılısın qáliplestiriw;

2. Nızam ústinligin támiyinlew hám sud-xuquq dizimin jánede úyreniw;

3. Ekonomikanı jánede rawajlandırıw hám liberallastırıw;

4. Social tarawdı rawajlandırıw;

5. Xawipsizlik, milletler ara tınıshlıq hám diniy bawrıkeńliktı támiyinlew, tereń oylanǵan, ózara máápli hám ámeliy ruwxtaǵı sırtqı siyasat alıp barıw. Xáreketler strategiyasınıń bul basqıshların ámelge asırıwda jıllarǵa berilgen atamalar arqalı Mámleket dástúri ámelge asırıladı.

“Social tarawdı rawajlandırıw” tortinshi basqıshında xalıqtıń bántligin asırıw, jámiyettiń social qorǵaw hám olardıń salamatlıǵın saqlaw, jol-transport, kommunikaciya rawajlandırıw hám taǵı basqa jumıslardı alıp barıwda mektepke shekem hám biz barıp jumıs alıp baratúǵın ulıwma bilim beriw mektepleri hám

joqarı oqıw orınları tálim sıpatın jaqsılaw hám de olardı rawajlandırıw is-ilajların ámelge asırıwdı kózde tútadı. Biz de bul jumıslardı ámelge asırıwda aldımızda úlken hám juwapgershilikli wazıypa túrǵanlıǵın bilemiz.

Muzıkalıq tárbiya sisteması kóp elementlerden quraladı, bular: muzıka tarbiya iskerligi arqalı tárbiyalawshı hám rawajlandırıwshı qurallardıń derlik barlıǵı muzıkalıq-estetikalıq órtalıqtı quraydı, bul sharayatta oqıwshılardıń muzıka tarawındaǵı qızıgıw hám mútájlikleri payda boladı. Muzıka sabaǵı estetikalıq tárbiyanıń bir bólegi bolıp, ol tiykarınan balanıń mánawiy rawajlanıwına qaratılǵan boladı. Muzıka-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıw hám bayıtıw, muzıkanı túsıne alıw tájiriybelerin qáliplestiriw, muzıka kórkem ónerine qızıǵıw menen qaraw, oqıwshılardıń kórkem háweskerligi tereń oylanǵan hám izbe-iz sistema boyınsha ámelge asırılıwı kerek.

Muzıka sabaǵı ózine say jumıs iskerlikleri menen: muzıka shıǵarmasın tıńlaw, birgelikte atqarıw, ritmikalıq háreketlerdi islew, muzıka astında ayaq-oyın háreketlerin islew, muzıka dóretiwshilikleri menen ajıralıp turadı. Muzıka tarbiyası procesında bul jumıs túrlerin bir-birinen ajıratıw múmkin emes, sebebi olar bir-biri menen óz-ara baylanısqan hám bázida bir-birine sińip ketken boladı. Muzıkanı tıńlaw procesında balalar belgili ólshemde muzıkalıq-teoriyalıq bilimler aladı, muzıka tıńlaw qábileti tájiriybesın toplaydı, olarda bir waqıttıń ózinde mazmunın túsinedi, fizikalıq demeleri jaqsı rawajlanadı, psixologiyalıq jaqtan tarbiyalanadı. Jámáát bolıp qosıq aytıwda qosıqshılıq dawısı hám de muzıka tıńlaw qábiletiniń barlıq komponentleri (joqarı dawıs, ritmika, dawıslar birligi, tembr) rawajlanadı. Xor bolıp qosıq aytıw, balalar muzıka ásbapların shertiw, muzıka járdeminde háreket etiw improvizaciya, erkin dóretiwshilik etiw dawamında atqarıwshılıq tájiriybeleriniń rawajlanıwı oqıwshılardı oqıw sabaqlarınıń aktiv, paydalı, emocional qatnasıwshılarına aylandırıp qoyadı.

Muzıka pániniń wazıypası bolsa balalardı gózzallıqqa aktiv múnásibette bolıwǵa, muzıkaǵa dóretiwshilik benen jantasıwǵa úyretiwden ibarat. Bularǵa qanday da shıǵarmanı ózlestirip hám túsınip alıw tiykarında ǵana emes, balki onıń

jaratılıwı tariyxı, muzıka teoriyasınıń tiykarların, onıń rawajlanıw qaǵıydaların bilıw tiykarında erisiliwi múmkin.

Biraq muzıka iskerliginiń barlıq túrlerine muzıkanı túsıne alıw tiykar boladı. Muzıkanı túsıniw átırapdaǵı turmıstı tolıq túsıniw hám qabıl etiw ushın zárur, nátiyjede  kórkem-óner shıǵarması hám turmıstaǵı estetikalıq nárseniń mazmunına tereń kirip barıw qábileti mektep oqıwshı shaxsınıń hár tárepleme rawajlanıwına járdem beredi. Muzıka tálimi barlıq tarbiya jumısları qatarında óz aldına qoyǵan wazıypalardı sheshiwi kerek hám bul wazıypanı qanshama aktiv hám anıq maqsetti gózlegen jaǵdayda ámelge asırsa, baqsha tarbiyalanıwshılarına muzıkalıq tálim beriw dárejesi de sonshama joqarı baladı.

Zamanagoy tálimde hár qanday imarattıń bekkemligi onıń fundamentine baylanıslı degenindey oqıwshılarǵa baslawısh tálimnen baslap tereń bilim beriw ushın oqıtıwshıǵa hár qanday pedagogikalıq sıpatlardı qollap ballanıń hawıpsizligin támiyinlegen jaǵdayda ámelge asırıwdı jolǵa qoymaqta. Sonday-aq, mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri muzıka tarbiyası keyingi basqıshta oqıwshınıń ózlestiriwi ańsat bolıwın támiyinleydi, sol sebepli balalar oqıtıwshılarına talap kúshli. Balalar tarbiyasına mámleket tárepinen de materiallıq qollap-quwatlanbaqta.

Baqshalarda balalarǵa salamat ortalıǵın jaqsılaw oarǵa dúris bilim beriw máseleleri “Ilk qadam” dástúri tiykarında ámelge asırılmaqta. Bul baǵdarlama 2018 jılı 7 iyulda islep shıǵılıp 7 baptan ibarat. Birinshi bapta MSHTMnıń maqset hám waziypaları, ekinshi bapı tálim procesın maqseti hám principları bunda ayrıqsha itibarǵa iye bolǵan balalar ushın mólsherlengen tálim iskerligi, onı qollap quwatlaw, ata-anaları menen birge islesiw jumısları kiritilgen. Balanıń hár tárepleme rawajlanıwın támiyinlew máseeleri kiritilgen.

Baǵdarlamanıń úshinshi bapında basshılar, qániygeler, bala tarbiyası ushın individual rejesin dúziw, balanıń hár tárepleme rawajlanıwı ushın mektepke shekem jastaǵı balalarǵa tálim beriwde kompetensiyalıq jantasıw dep atamalanıp dástúrdiń 5 tálim tarawın óz ishine aladı[4]. Bul,

[4] «Ilk qadam» Maktabgacha ta’lim muassasasining Davlat o‘quv dasturi. T.: 2018.-62 b.

- «Fizikalıq rawajlanıw hám salamat turmıs jaǵdayın qáliplestiriw» tarawı kompetensiyaları;
- «Social-sezim rawajlanıwı» tarawı kompetensiyaları;
- «Soylew, qatnas hám jazıw kónlikpeleri» tarawı kompetensiyaları;
- «Biliw procesınıń rawajlanıwı» tarawı kompetensiyaları;
- «Dóretiwshilik rawajlandırıwı» tarawı kompetensiyaları.

**Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde balalar (6-7jas) dıń ulıwmalıq kerekli olǵan kompetenciyaları:**

**Kompetenciya**-balanıń bilimi, kónlikpesi, tajiriybe hám qadriyatları kompleksı.

Baslanǵısh kompetenciyalar- rawajlanıw tarawınana qaramastan balanıń shaxsın qáliplestiriw ushın xızmet qıladı

**Kommunikativ kompetenciya-**qatnasıq arqalı jaǵdaylar menen biliw kónlikpesi

**Oyın kompetensiyası-** balanıń oyın procesı hám onı shólkemlestiriwde tájiriybe, bilim hám kónikpelerden paydalanıw. Oqıw tarbiyalıq jumıslar ushın tiykar esaplanadı

Dóretiwshi **kompetensiya -**
hayotiy vaziyatlarda kattalar va tengdoshlar bilan muloqotda axloq qoidalari va me'yorlariga rioya qilgan holda o'zini tutish

.

**Bilish kompetensiyası-** qorshap turǵan álemdi sanalı turde ańlaw hám alınǵan bilim, kónikpe, tajiriybe hám qádiriyatlardan oqıw hám ámeliy waziypaların orınlaw

**Rawajlandırıwshı ortalıqtı shólkemlestiriw boyınsha** Mektepke shekem bilimlendiriw mákemeleri mazmunında**:**

- kórgizbeli-rawajlandırıwshı;
- mádeniy-tariyxıy qadriyatlar;
- milliy hám qońsı xalıqlar dástúrleri;
- tabiyat, hawa rayınan kelip shıǵıwshı ózgesheliklerge say bolıwı kórsetiledi.

Bugingi kúnde muzıka táliminde bolıp atırǵan jańalıqlar eń dáslep tayyar bolıp shıǵıp atırǵan sabaq joybarları, materiallar hár qıylı internet saytlarında hám muzıkalıq kanallar, axborot kommunikaciya texnologiyaları, ǵalaba quralları arqalı bizge zor imkanıyatlar berilmekte. Muzıka tarbiyashılarınan balalardı óz perzentindey jaqsı múnasebette bolıwdı talap etiledi. Bul haqta prezidentimiz Sh.Mirziyoevtiń usı sózi sózimizdi tastıyıǵı boladı. “Biz hamkarlıq hám doslıqtı hám rawajlanńwdıń tiykarǵı gerewi dep bilemiz”.

Oqıtıwshı oqıwshılar ushın úlgi bolıwı báhama hárekette bolıwı, óz ústinde islewi kerek hám zárúr.

Batıs-Shıǵıs, ulıwma dúnyanıń barshe rawajlanǵan mámleketlerinde barhama jaqsı tarbiya iyeleri qadirlegen hám hazir hám qandayda kasip iyeleri sonday-aq, pedagoglardı jumısqa alıwda, onıń ádepi, tarbiyasına itibar qaratılmaqta.

Hár qanday jámiyettıń keleshegi, táǵdiri, jámiyet aǵzası bolǵan insannıń qolında bolar eken, insan tárbiyasi, onıń kámalǵa kelıwı, jámiyetimızdıń rawajlanıwi tálimnıń basli wazıypası bolıp qaladı. Kórkem - ónerdıń eń tásırli formalarınıń biri - bul muzıka bolıp tabıladı. Muzıka adamnıń quwanıshında, qayǵısına da sherik bolıp kelgen. Muzıka balanıń tek mádeniy-estetik rawajlanıwına tásır jasap qalmastan, onıń den-sawlıǵına da paydalı bolıp tabıladı. Sebebi qosıq aytqanda ókpeler keńeyip, durıs dem alıwǵa sebep boladı. Tınısh muzıka esitkende sharshaǵan ásepler óz ornına qaytadı hám insanǵa ruwhiy kúsh inám etedi. Muzıka, súwretlew óneri, poeziya, ayaq oyın -bulardıń barlıǵı gózzallıq dúńyasına jetelewshı, olardı tásırsheńlik, ruwhiy baylıqti tárbiyalawshı tiykarǵi formalar bolıp esaplanadı.

Tárbiya-házirgi dáwir talapların hám zárúriyatların názerde tutqan halda. óqıtıwshınıń óqıwshı menen anıq bir maqsetke qaratılǵan anıq bir óz - ara ámeliy hám teoriyalıq qatnasiǵidur. Qanday da bir maqsetke baǵdarlanǵan tárbiya processınıń waziypaları tárbiyashı tárepinen rejelestırılıp, qolaylı metodtan paydalanıp tártıpke salınadı.

## 1.2.Mektepke shekemgi jastaǵí balalarǵa tálim beriwde pedagogikalíq kompetenciyası hám didaktikalıq oyınnıń tiykarǵi rawajlandırıwshi áhmiyeti

Mektepke shekemgi jastaǵi balalalarǵa tálim beriwde kompetenciyaliq tárepten jumis alip bariw ósip kiyatirǵan keleshek awladtı ómirge tayarlaw, olarda turmıslıq áhmiyetke iye máselelerdi túsiniw ushın zárúr bolǵan etikalıq norma hám qádiriyatlardı ózlestiriw iskerlik usılların qáliplestiriwge tayarlıqtı názerde tutadı.

Baslanǵısh zárúrli kompetenciyalar balanıń iskerlik hám etika subyekti retindegi pútin rawajlanıwın talap etedi.

Kompetenciya balanıń bilim, kónlikpe, ilmiy tájriybe hám qádiriyatları kompleksi bolıp tabıladı. Baslanǵısh kompetenciyalar, rawajlanıw dárejesine qaramastan, bala shaxsı qáliplesiwi ushın tiykar bolıp xızmet etedi.

Kommunikativ kompetenciya - baylanıs qurallarından túrli jaǵdaylarda paydalana biliw kónlikpesi.

Oyın kompetenciyası - balanıń oyın procesi jáne onı shólkemlestiriwde tájiriybe, bilim hám kónlikpelerden dóretiwshilik paydalanıwı. Oqıw -tárbiyalıq iskerlik ushın tiykar esaplanadı.

Social kompetenciya - turmıslıq jaǵdaylarda úlkenler hám óz qatarlı jastaǵılar menen baylanısta etika qaǵıydaları hám normalarına ámel etken halda ózin tutıw uqıbı.

Biliw kompetenciyası – qorshaǵan átiraptaǵı álemdi sanalı túrde ańlay bılıwi hám alınǵan bilim, kónlikpe, ilimiy tájriybe hám qádiriyatlardan oqıw hám ámeliy wazıypalardı sheshiw ushın paydalanıw.

Balanıń rawajlanıw tarawları kompetenciyaları

Balanıń kompetenciyaları bala rawajlandırıwdıń tómendegi tarawlarında belgilenedi:

- fizikalıq rawajlanıw hám salamat turmıs táriziniń qáliplesiwi;
- sociallıq-sezimlik rawajlanıw ;
- sóylew, baylanıs, oqıw hám jazıw ilimiy tájiriybeleri;
- biliw procesiniń rawajlanıwı ;
- dóretiwshilik rawajlanıw.

Balanıń kishkene waqtınan baslap oylaw, dóretiwshilik qábiletiniń rawajlanıwında muzıkanıń tásiri oǵada kúshli bolıp esaplanadı. Balanıń hár tárepleme uqıplı kámil insan bolıwı ushın qorshaǵan ortalıqtı tanıwında, joqarı dárejede oy-pikirin jámlewde, ruwxıy estetikalıq keshirmelerdi túsiniwde muzıkanıń ornı áhmiyetli bolıp tabıladı.

Mektepke shekemgi balalıq dáwir-bul ájayıp dúnyamızdı tanıwda eń bir optimal dárejede qatnasıqta bolatuǵın dáwiri desek boladı.

Usıǵan baylanıslı bul jerde muzıka tárbiyashısınıń ornı júdá girewli. Muzıka tárbiyashısınıń ruwxıy ishki dúnyasınan, bilim dárejesinen kásiplik meńgeriwshiliginen, tájiriybesinen ósip kiyatırǵan jas awladtıń tárbiyalanıw nátijesi kelip shıǵadı. Estetikalıq tárbiya-bul mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń qabıl etiw kónlikpelerin jaqsı hám jamandı ajırata biliwge, ózbetinshe háreket etiwge,aqılın rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan tárbiya bolıp tabıladı.

Estetikalıq tarbiyanıń eń bir ayqın bólegi bul-muzıka.

Psixologiyalıq kóz-qarastan estetikalıq tárbiyanıń bir bólegi, quralı dep muzıkanı qaraytuǵın bolsaq en aweli mektepke shekemgi jastaǵı balalarda ulıwma muzıkalıq túsinikti payda etiwimiz zárúr.

Muzıklıq túsiniktiń tiykarǵı belgileri nelerden ibarat:

Balalardıń muzıkalıq xarakterdi túsiniwi,quwanıshlı yaki qayǵılı namanı ajıra billiwi bolıp tabıladı. Jay tempte hám minor tonlıǵında awır shertilgen namanıń balalarǵa tásir etiwi, yaki marsh tempinde, shaqqan quwanıshlı oynalǵan namanıń balalardıń keypiyatın kóteriwi-bul birinshi belgi.

Muzıkalıq qábilettiń ekinshi belgisi tıńlaw qábiletliligi. Bul anaǵurlım ayqın hám túsinikli. Muzıkalıq qubılıslardı salıstırıw olarǵa baha bere biliw qábileti bunıń ózi eń ápiwayı muzıkalıq sesti tıńlap esite biliwi.

Muzıkalıq qábilettin úshinshi belgisi muzıkaǵa tvorchestvolıq kóz qarastın kórinisi, bala muzıkanı tıńlap otırǵanda kórkem obrazlıq qosıqtı, oyındı, kóz aldına eleslete otırıp ózinshe qabıllaydı. Bala esitken muzıkasınan hár qıylı qıymıldı isleydi.

Mısalı,Balpańlap kiyatırǵan ayıwdı,úrkek qoyanlardı kóz aldına keltiredi. Balanıń muzıkanı qabıl etiwi jas ózgesheliklerine de baylanislı boladı.

Balalarda muzıkalıq seslerine qaray úyretpese, onday balalar jeti jasqa ózinen kishi jastaǵı balalar ańsat orınlaytuǵın tapsırmalardı orınlay almaydı.

Muzıkalıq rawajlanıwdıń ózgeshelikleri mınalar:

- Esitiw sezimi, muzıkanıń orınlanıwındaǵı qıymıllar.

Bala bir jasta ayaq basqanda psixologlar balanıń esitiw sezimi payda bolatuǵınlıǵın aytadı. Jánede náreste tuwılǵannan 10-12 kúnnen keyin-aq sesti ańlay baslaydı, ekinshi aylıǵında bala sesti esitkende tınıshlana baslaydı hám tıńlaydı. Bala 4-5 aylıǵında geybir muzıkalıq seslerdi ayırıwǵa beyimlesedi. 1-jasqa shıqqanda bala úlken adamnıń aytqan qosıǵın tıńlap soǵan eliklep, bıldırlay baslaydı. 2-jasqa tolǵanda muzıkanı qabıllap,ayqın kontraslı emociyalar kórsetedi. Qosıqtı sanalı túrde qaytalap dáslepki intonaciyalar payda boladı. Bala qosıq aytqan úlken adamǵa qosılıp qosıqtıń muzıkalıq sózlerin qaytalaydı, eń apiwayı háreketler jasaydı, muzıka ırǵaǵına qosılıp alaqanın qaǵadı, ayaǵın tapıldatadı, aylanıp oynaǵanday boladı. 3 hám 4 jasqa tolǵanda balalardın sezimtallıǵı artadı. Zatlar menen qubılıslarǵa, sonıń ishinde muzıkanı anıq ayıra alatuǵın boladı. Hár balanıń esitiw, qabıl etiw seziminde ózine tán ózgeshelikleri bayqaladı. Mıs: geybir balalar apiwayı qosıqtı dál qaytalap ayta aladı. Al, geybirewleri qıynalınqırap, umıtıp qalıp aytadı. 4 jasqa tolǵanda balalar úlkenlerdiń járdemi menen qosıqlardı orınlay alatuǵın dárejege jetedi. 5 jas bul balanıń kóp nárseni bilwge qızıǵatuǵın waqtı. Nege?, Ne ushın? Degen sorawlardı kóp beretuǵın dáwiri. Bala qubılıslar menen waqıyalar arasındaǵı baylanıstı ajırata baslaydı, bul waqıtta olar judá

bayqaǵısh, serli boladı. Muzıkanıń kewilli, quwanıshlı ekenin,seslerdiń joqarı tómenligin, qattı yaki ástenligin, namalardıń jay yamasa tez ekenligin muzıkanıń qanday áspabta oynalıp turǵanın ajırata baslaydı, muzıkaǵa qaray jay yamasa tez háreket etip oynawdı túsinedi.

6 hám 7 jas dáwiri,bul -balalardı mektepke tayarlaytuǵın dáwir. Bul waqıtta balalar alǵan hám kónlikpeleri bilimleri tiykarında sorawlarǵa durıs juwap beriwi menen birge muzıkalıq shıǵarmalarǵa ózinshe sıpatlama beredi. Bul jastaǵı balalardıń dawısı burınǵıdanda ashıq bolıp, diapazonı keńeyedi. Berilip qosıq aytıwı menen birge qosılıp oynaydı. Muzıkaǵa degen intası kórine baslaydı. Ulıwma alǵanda balalar tárbiyasında muzıkanıń ornı júdá áhmiyetli bolıp esaplanadı. Muzıka tálimin jaqsılaw ushın balalardıń ishki jaǵdayı oyınǵa jaqın boladı. Sol sebepli sabaqta oyın háreketleri arqalı bilim berilse maqsetke say boladı. Oyın barısında sociallıq jaǵınan aktiv, dóretiwshi insan tárbiyalanadi. Ásirese milliy xalıq oyınları balalardıń milliy sanasın qáliplestiriwde úlken áhmiyetke iye boladı. Balanıń den-sawlıǵınıń bekkemleniwine hám fizikalıq rawajlanıwına miynet úlken tásirin tiygizedi. Dene tárbiyasi sistemasinda belgili orındı oyınlar aladi. Oyınlar xalıq túsiniginde tek kewil kóteriw bolip qoymastan, aqıldıń rawajlaniwinda hám fizikaliq, ádep ikramliliq, estetikaliq tárbiya beriwde ayriqsha qural boladi. Oyın balalardıń sóylew tilin rawajlandiradi, olardi shaqqanliqqa, sheberlikke, kushlilikke, ziyreklilikke tárbiyalaydi.

Balanıń sóylew xizmetinıń qáliplesiwindegi tabis onıń dóretiwshilik penen shuǵillaniwi, olardi sóz kórinislerinde ańlata otirip, oylaw uqipliliǵi arqali aniqlanadi. «Bul óz gezeginde onıń qabillawin, seziniwin, baqlawshiliǵin elesletiwin hám ańlay biliwin eń áhmiyetli másele etip qoyadi»[5] [1.15]. Zattıń keskinin payda etiw ushin bala kórgenin yamasa kóretuǵinin aniq turde kóz aldina keltiriwi zárur, onıń qollaniliwin analiz ete aliwi kerek. Bul baladan úlken kólemdegi aqılıy miynetti, analizlew hám sintezlew uqibin, juwmaq jasaw hám

---

[5] Jumasheva G.X. Balalarǵa qaraqalpaq tilin uyretiwde Didaktikalıq oyınlardan paydalaniw. - N.: Bilim. 2011. -60 b.

aqılıy pikirlerdi talap etedi. Eger bala sózdıń seslik quramin, olardıń mazmunin tusinip alǵan halda meńgerip alǵan bolsa, onı  zárurlik grammatikaliq formada basqa sózler menen baylanista qollana bilse bunday talaplardi orinlaw qiyin emes. Sonıń menen birge balalardıń kópshiligi mektepke qabil etilgende, zatlar yamasa qubilislardi táriplew processinde aytarliqtay qiyinshiliqlarǵa dus keliwin, jeke baqlawlari hám erteklerdi qaytalap aytip beriwlerinde qiynalatuǵinliqlarin praktika kórsetip atir. Balalardıń sózlerinde pikirlerin bayanlawda logikaliq izbe-izlik buziladi, olar tek zatlardıń atin, háreketlerdi kórsetiw menen sheklenip qaladi, zatlar arasindaǵi ózine tán belgilerin, sanliq hám keńeslik qatnaslarin názerden shette qaldiradi.

Dóretiwshilik penen oylaytuǵin, jańa maǵliwmatlardi aliwǵa talabi bolǵan bala barliq qorshaǵan ortaliqqa nemqurayliliq penen qaray almaydi. Áne, usi jasta balaǵa dóretiwshilik tiykarlari beriliwi, sońǵiliqta rawajlaniwi, jetilistiriliwi tiyis. Usilay etip, ózinıń kóz-qarasinda qatań turiwshi, óz isenimine iye bolǵan, standart emes turde pikirleytuǵin jas talantlardi rawajlandırıw ushin shárayatlar jaratiladi.

Úlken balalardi alǵa ilgerilew, óz rawajlaniw ushin barliq shárayatlardi jaratiwi tiyis. Bul balani mektepke tayarlawdıń basli maqseti bolip tabiladi.

Mektepke shekemgi jastaǵi balalardıń tilin rawajlandırıwda didaktikalıq oyınlardıń áhmiyeti juda úlken.

Qaraqalpaqstan Respublikasi ózinıń ǵárezsizligin alǵannan keyin, mámleketlik tiller qaraqalpaq hám ózbek tili bolip esaplanadi. Mektepke shekemgi jasindaǵi balalar basqa tildi ańsat úyrenedi, hám eliklew tiykarinda sonıń menen birge maqsetlilik penen balanıń sóylew dárejesin rawajlandirip baradi. Basqalarǵa túsindiriwge qolaylı bolǵan, óz betinshe hám dóretiwshilik aktivlesip, jetkerip beredi.

Didaktikalıq oyınlar sózdıń mánisi menen oyın shınıǵıwlarina bólinedi. Oyın shınıǵıwlari avtodidaktizim hám balalardıń óz dóretiwshiligi tiykarinda duziledi. Didaktikalıq oyınlar ushin hár qanday siyaqli oyın wazıypasinıń belgililigi tán. Oyın wazıypaları hár qıylı bolıwı mumkin. Máselen, «Guldir gul» oyınındaǵı wazıypa ózin tutip turiw birinshi bolip sóylep hám kulip jibermeslikten ibarat.

Loto oyınında barliq bólekshelerdi birinshi bolip toltiriw: piramida oyınında onı sonday etip teriw kerek, janinan qaraǵanda bir tuwri etiledi. «Oyın háreketleri de hár qiyli boladi: nárse yaki suwretlerdi tańlaw, diziw, taqlaw, háreketlerge analiz qiliw, olar bir qatar ayriqsha háreketler yaki olardıń elementlerinen ibarat bekkem duzilisti payda etiwi mumkin»[6].

Didaktikalıq oyınlardıń baslı elementi qaǵıydalar esaplanadi. Qaǵıydalardi orinlaw oyın mazmunin ámelge asriwdi támiyinleydi. Oyındaǵı qaǵıydalar turlishe: olardıń ayırımları oyın háreketleri hám olardıń izshilligin belgileydi. Oyın barısında oyın háreketleri hám qaǵıydalari ortasinda óz-ara baylanis belgili. Oyın háreketleri tábiyati da oyın barisi tiykarinda belgilep beriledi. Qaǵiydalardıń belgililigi bolsa oyın háreketlerin ámelge asiriw hám oyın wazıypasinıń nátiyjesine erisiwge járdem beredi.

Solay etip bala oyında, ózine tábiyiy jaqtan tálim aladi. Oyınnıń bul ózgesheligi balani oyın barisi, háreketleri hám qaǵıydalari arqali uyretiw hám kamal taptiriw - avtodidaktizm dep ataladi.

## 1.3. Balalardí estetikalíq tárbiyalawda muzíkaníń tarbiyalıq áhmiyeti

Mámleketimizdegi házirgi dáwirinde jaslardı bárkamal áwlad etip tárbiyalaw úlken áhmiyetke iye. Bul eń áhmiyetli wazıypa dáwirimizdiń ullı mashqalası, yaǵnıy demokratiyalıq, huqıqıy mámleket hám puxaralıq jámiyet ornatıw háreketleri menen tıǵız baylanıslılıqqa iye. Ruwxıy tárbiya ózinde ádep-ikramlı, páklik, ruwxıy baylıq hám fizikalıq jaqtan jaqsı rawajlanǵan, qarıwlı-quwatlı shaxstıń garmonik jaqtan rawajlanıwı esaplanadı. Tárbyalıq wazıypalar

[6] Лернер И.Я. Дидактические основы методов обучения. –М.: Педагогика. 1981.

kompleksinde adamlar gózzallıq (estetikalıq) seziw, túsiniw hám óz záruriyatın iske asırıw, joqarı shıńına jetkeriw eń áhmiyetli wazıypa.

Estetikalıq tárbiya sistemasında kórkem- óner sheshiwshi áhmiyetke iye. ǵárezsiz elimiz ruwxıy tárbiya principlerine súyene otırıp úziliksiz ámel qılǵan jaǵdayda, jas áwladlardı Watan hám dunya júzi mádeniyatınıń eń jaqsı ruwxıy jetiskenlikleri tiykarında estetikalıq tárbiyalanıwına ǵamqorlıq qılıp atır. Estetikalıq zawıqlanıw miynet ilhamın jáne de kóteredi, insandı joqarı shoqqılarǵa jetilistirip, onıń turmısın bezeydi.[7]

Házir xalıq arasında jaqsı áhmiyetke iye bolmaǵan ideyasız, estetikalıq belgileri ázzi túsiniksiz kórsetiwler sırt ellerdegi tele ekranlar arqalı bizge kelip jetpekte. Házirgi waqıtta estetikalıq tárbiyanıń zárurligi hám wazıypaları túrli koncepciyalarda talqan qılınbaqta. Kóp ǵana alımlar hám tárbiyashı-ámeliyatshılar estetikalıq tárbiyaǵa kórkem súwretlewdi, sezim zárurlikli kamalatqa jetkeriwdiń quralları hám usılları (sisteması) duzilisi dep qaramaqta. Bunday koncepciya shaxstıń kórkemlikti seziw hám túsiniwin rawajlandırıwǵa qaratılǵan estetikalıq tárbiyanıń áhmiyetin belgileydi. Biz estetikalıq, yaǵnıy kórkemlilik jaqtan joqarı rawajlanǵan, gózzallıqtı ótkir zeyin menen qabıl qılıwshı, biraq turmısta ádebiy shıǵarmalarǵa, miynetlerge biyparq qarawshı adamlardı da tárbiyalaymız. Bunday {zeyinli» shaxslar kiyiniwinde, uylerin bezewde, uy buyımların jayǵastırıwda, mádeniyattıń hár turli salaların tusiniwde ótkir sezimli boladı, sırtqı gózzallıqtı bahalawda judá tuwrı pikir jurgizedi. Biraq olar kóp jaǵdaylarda mádeniyattıń áhmiyetine, turmıstaǵı kewilsiz jaǵdaylarǵa, ózgerislerge biyparq qaraydı.[8]

Gózzallıqtı, sulıwlılıqtı tereń túsinetuǵın adamlardı tárbiyalaw ushın estetikalıq tárbiyaǵa basqasha kewil bólıw zárur. Estetikalıq tárbiyanıń áhmiyeti hám wazıypaların tómendegi koncepciyalardan kelip shıqqan jaǵdayda belgilew lazım.

-etetikalıq tárbiya-bul ádep-ikramlılıq tárbiyasınıń eń zárurli bólimi bolıp, onıń menen úziliksiz baylanıslı boladı,

---

[7] 1.Н.Бахритдинова.Ўзбекистон болалар хор маданияти. Т.-2002й.

2.Музыкальное воспитание в школе. М.: -1985 г.

-estetikalıq-bul tábiyat, mádeniyat hámde putkil jámiyettegi gózzallıq haqqındağı uǵım.

-estetikalıq tárbiya adamlarda haqıyqıy gózzallıqqa muxabbat oyatıwǵa, hár qanday jamanlıq hám jaman illetlerge jek kóriwshilik penen qarawǵa, gózzallıq jaratıwǵa umtılıwǵa, turmıstaǵı hám mádeniyattaǵı buliniwshiliklerge qarsı guresiwge xızmet qılıwı lazım.

Estetika (taza kórkem estetika)nı ádep-ikramlılıq estetikası menen baylanıstırǵan jaǵday da ǵana bunday qıyın wazıypanı tabıslı sheshiw múmkin. Estetikalıq tárbiya ádep-ikramlılıq wazıypaları menen marapatlandırılıwı kerek. Usı sebepli kórkem ónerdi hám turmıstı estetikalıq túrde qabıl qılıwǵa jeke adamnıń ruxıy baylıǵın rawajlandırıwshı qural sıpatında qaraw maqsetke muwapıq birgelikte alıp barsa balalarǵa jaqsı tásir etedi. Muzıkanı úyretiwde, háreketlerdi de úyretip barıw názerde tutıladı. Dógerektiń qosıqlardı hám oyınlardı úyretip barıwda gózlengen maqsetler;

1. Balalardı milliy ruwxta tárbiyalaw.

2. Balalardıń ritmdi seziw tuyǵınların hám háreketlerin bekkemlew.

3. Balalardıń úyrenetuǵın sózlerin, dawısın rawajlandırıw, sózlerdiń sońındaǵı únli hám únles dawıslardı tuwrı tayarlap biliwge úyretiw.[9] Bul tómendegi bir eki mısallardı dıqqatıńızǵa usınamız. Mısalı, kishkene topar balaları ushın «Pianino» (J.Najmuddinov naması,M.Zaynutdinova sózi) qosıǵın balalar qosıǵın úyretkende, qosıqtıń muzıka atqarılıp turǵanda, orınlarında oynatıp, aylanadı, sózdiń mazmunına qarap pıshıqtıń júriwi, akkomponemente jaqsı kórsetilgen. Muzıka atqarılǵanda saz áspabın shertkendey bolamız.

Balalarǵa oyın háreketlerin, qosıq benen úyretip qoymastan olarǵa milliy saz áspablardı (duwtar, doyra, metallafon) oynatıp, shertirip, qaǵıp úyretiledi. Muzıka basshısı bunnan basqa da qosımsha retinde, tayarlıqlarında basqada muzıkalıq shıǵarmalardan paydalanıwı názerde tutıladı. Xalıq saz áspablarında úyretkenniń ózi oyınlar, qosıqlar balalardıń milliy ruwxın jámlestirip, olarda tuwǵan jerin, ana watandı, óz anasın hám adamlardı óz dosların súyiwdi, húrmetlewdi, bekkemlewde

3.Музыкальное воспитание в школе. М.: -1990 г.

milliy xalıqlıq sezim tuyǵıların oyatıwda bul  xalıq sazları áspablarınıń úlken ornı bar.[10]

Ásirese, balalar baqshalırnda balalardıń sana- sezimin estetikalıq jaqtan rawajlandırıwda muzıkaǵa qosımsha háreket etiw úlken áhmiyetke iye. Sebebi balalar muzıkanı bilip alıw menen birge onıń hár bir ritmin este saqlaydı hám oyın muzıkaları menen háreket etken sayın deneleri shınıǵadı, shaqqanlasıp, balanıń tuwrı ósiwine óz tásirin tiygizedi. Mısalı balalar baqshasınan baslap qosıq aytıwǵa degen intasın oyatıp tárbiyalaw ushın balalarǵa «Marsh» muzıkaǵa stili shaqqan, ǵayratlı, háreketsheń bolıwına qosıqtı ańsat úyreniwler kishi jastaǵı balalarǵa kewilli, yoshlı jazılǵan namalar tez tásir etip olardıń intasın oyatadı.

Balalardıń ritmikalıq jaqtan rawajlanıwına oyınlar, gimnastikalıq shınıǵıwlar, sonday-aq xorovod bolıp oynawlar, hár bir balla gezekpe-gezek qosıq aytıwları olardıń qosıq aytıwları, qosıq aytıwǵa degen intasın oyatıp baradı. Qosıq balanıń atqarıw qábiletine qaray alınıw, tańlaw kerek, kórkemlik jaqtan tereńirek mazmunǵa iye bolsa, al atqarıw jaǵınan balalarǵa jeńil, ápiwayıraq muzıkalardan baslap úyretip tábiyat kórinislerin, mektep turmısın, haywanlar háreketlerin súwretleytuǵın bolsa durıs boladı.[11] Balalar baqshalarınıń tárbiyashıları ózleri tárbiyalap atırǵan balalardı ruwxlandıra biliw, olardı hár tárepleme dáwir talabına ılayıqlı etip tárbiyalawları tiyis. Sebebi házirgi kúnleri Respublikamızda mektepke shekemgi tárbiya mákemeleri balalarǵa hár tárepleme tálim-tárbiya beriwlerine ayrıqsha kewil berilmekte.

Muzıkalıq tárbiya insandı gózallıqqa jetekleytuǵın bir qural bolıp, ol insannıń estetikalıqalıq hám emociyalıq ózgesheliklerin qáliplestiredi. Haqıyqıy muzıka shıǵarmaları zamannıń estetikalıqalıq-ádeplilik hám siyasiy ideyaların ulıwmalastıradı.

Insan ómirin kórkem ónerisiz kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. Kórkem óner adamlarǵa tek mánawiy azıq berip ǵana qalmastan denenıń fizikalıq kamalatqa erisiwinde de zárúr orın iyeleydi. Muzıka kórkem ónerinıń ádeplilik – estetikalıq

---

[10] Ҳасанов А. Мусиқа ва тарбия. - Тошкент, - Ўқитувчи, 1995 - йил.
[11] Шостакович.Д. Знать и любить музыку. М.1958.г.

tárbiyadaǵi rolin tuwrı sezip, onıń jas awlad tárbiyasındaǵı ahmiyetin umıtpaw tiyis.

Muzıka gózzallıq - insannıń mánawiy kórinisiniń qáliplesiwindegi kerek bolǵan baza. Muzıka gózzallıqqa umtılıw, estetikalıq zárúrligi tuwma ózgeshelik emes. Ol insanda miynet hám dógerek-átıraptaǵı álem tásırinde payda bólǵan. Sırtqı álemdi ózgertiw menen insannıń ózi de ózgerip baradı, bunda tek ol fizikalıq tárepten rawajlanıp qalmastan, balki mánawiy tárepten de rawajlanadı. Insannıń mánawiy qabileti hám dáslep, estetikalıq sezimi áste-aqırın rawajlanıp, tárbiyalanıp baradı.

Muzıka kórkem óneri - ómir hám turmıstı bilıw, adamlardı tárbiyalawdıń qudiretli quralı. Biraq, onıń biliw hám tárbiyalawdaǵı xizmet dárejesi insanǵa estetikalıq, kórkemlik tárepten tásır etiw kúshine baylanıslı boladı.

Muzıka kórkem óneri insannıń belgili bir túri bolıp, ónıń wazıypası jamiyetke estetikalıq xızmet kórsetiw. Sol mániste onıń ornın hesh bir nárse basa almaydı. Muzıka sociallıq turmıstıń bárlıq tarawlarında jedel tezlikte orın aladı. Solay etip, waqiyalıqqa bolǵan estetikalıq múnásebet kompozitorlar tárepinen jaratılǵan muzıka shıǵarmalarında, miynette, kúndelikli turmısta hám adamlar múnasebetine alıp kiriletuǵın kórkem tiykarlarda kórinedi.

Hár bir kórkem-óner túri sıyaqlı muzıka óneri de júdá erte zamanlarda, adamlar úńgirlerde jasap, tas qurallarınan paydalanıp, haywan terilerin jabınıp júrgen ótmish dawirlerinde payda bolǵan, yaǵnıy barlıq jaralǵannan payda bolǵan. Ol adamlardıń mánawiy dúnyası sheklengen, tili kambaǵal, átiraptaǵı waqiya – hádiyseler haqqındaǵı oy-órisleri júdá anıq emes edi. Biraq solarǵa qaramay muzıkalıq shıǵarmalardı, olar “jabayı” jaǵdayda bolsa da áne sol adamlar jaratqan.

Kórkem ónerdiń barlıq túrleri mıńlap jıllar ilgeri payda bolǵan. Kórkem-óner qanday da bir ǵana jerde emes, al bir neshe materiklerde, turli keńlikler, geografiyalıq jaǵdaylarda payda boldı. Jar taslardaǵı oǵada erte zaman kórinisleri Afrikada da, Ispaniyada da, Onega kóli jaǵalarında, Qıtayda da tabıldı. Áyyemgi Greciyada "muzıka menen emlew ilimi" keń rawajlanǵan. Máselen: matematik hám filosof Pifagor muzıkanı insan ruwxına hám denesıne hár tárepleme dárman

bolatuǵın qural sıpatında usınǵan. Aytıwlarına qaraǵanda, Iskender Zulqarnayın da kóp jumısların muzıka ırǵaqları menen orınlaǵan eken.

Xalıqımız jaratqan muzıkalıq miyrasınıń tereń tamırları judá uzaq ásırlerge barıp taqaladı. Ata-babalarımız gózzal suwretlew óneri sebepli bizge shekem jetip kelgen miyraslar ózbek hám qaraqalpaq, qońsı  xalıqlar sázları hám muzıkası erte zamanlardan baslanǵanlıǵin kórsetedi.

Ertedegi Afrasiyabta alıp barılǵan qazılmalarda qolında surnay uslaǵan haykelshe tabılǵan. Ilimpazlar bul háykelsheni bizge shekem dáslep III-I-ásırlerde jaratılǵan dep boljamaqta. Ayrıtas ataması menen ilimde belgili  bólǵan qádirli estelikler, Sultan Wayis tawınıń kun shıǵar etekleri baslanatuǵın tekisliktegi Topıraq qaladan arfa sázın shertip ótırǵan hayal suwreti tusırilgen tabılmalar ilimpazlardıń pikirinshe III-IV ásırlerge tiyisli.

VIII-XII ásırlerde Shıǵıstanıwshılıq tarixında "Shıǵıs yamasa musırman Renessansı" dawiri dep at alǵan dawir Shıǵısta Orta ásırlerdegi barlıq rawajlanıwlardıń eń joqarı shóqqısı esaplanadı. Abu Yusıp Yaqıp ibn Ishaq al-Kindiy, Abu Nasr ibn Muhammad al- Farabiy, Abu Ali ibn Sıno hám basqalar sol dawirdıń ájayıp wakilleri bólǵan. Al-Farabiydıń muzıkaǵa baǵıshlanǵan "Kitap ul-musıqiy al-Kabir" ("Muzıka haqqında úlken kitap") shıǵarmasında jazılıwınsha, muzıka haqqındaǵı pán ámeliy hám teoriyalıq tarawlardan ibarat. Birinshisi muzıkalıq ásbaplar járdeminde muzıkalıq shıǵarmalardı atqarıwǵa tiyisli. Ekinshisi bolsa, namalardıń kelip shıǵıwı hám shıǵarmalardı jaratıw qaǵıydaların úyrenedi. Farabiydıń aytıwınsha, kórkem-óner, sonday-aq, muzıka ilahiy sawǵa emes, balkim insan dóretiwshiliginıń nátiyjesi. Onıń wazıypası insanǵa óz intellektual hám ádeplilik sıpatların qáliplestiriwde páydalı bolıwınan turadı.

Muzıka haqqında Ibn Sıno ózinıń  bes shıǵarmasında jazǵan. Bul "Kitob ash-shifo", ("Shıpa kitabı") atamasındaǵı kóp betli enciklopediyalıq shıǵarmanıń muzıka  haqqındaǵı bólimi. Ibn Sınonıń  aytıwınsha kórkem-óner, sonday-aq, muzıka-bul ilim páni esaplanadı. Bunnan kórkem-ónerdıń "aqıl menen túsınıw" yamasa "zatlardı bilıw" mazmunı kelip shıǵadı. Ibn Sıno muzıkanıń tárbiyalıq mazmunın ayrıqsha aytıp ótken. Bunda kórkem-óner quralı arqalı estetikalıq

sezimdi tárbiyalawǵa tiykarǵı itibar berilgen. Ullı ilimpázdıń aytıwınsha, shaxstı hár tárepleme jetilistiriw ushın eki tárepleme - fizikalıq barkamallıq ushın fizikalıq shınıǵıwlar, mánawiy rawajlanıwı ushın muzıka hám basqa kórkem óner túrleri arqalı tásır etedi.

Poeziya mulkiniń sultanı Alisher Nawayı názik talǵamlı, joqarı bilim iyesi sıpatında muzıkanı súyip tıńlar, jurekten zawıq alar edi. Shayır talantlı kórkem-óner xızmetkerlerine hámiyshe ǵamxorlıq etti, jaslardıń kamalatı ushın tınbay miynet ettı. Insannıń kamalatqa erisiwinde tiykarǵı rol óynawshı qurallardan biri – muzıka kórkem-ónerınen quwanısh alıw dep bildi. "Muzıkanı túsıne almaǵan shayır yarım shayır",-degen edi Nawayı. Bul sóz shayır estetikalıq kózqaraslarınıń mazmunın anıq kórsetedi.

Xalıqımız túrmısındaǵı quramalı tariyxıy sharayatlar mádeniyat hám turmıstıń feodal qaǵıydaları sheńberinen tısqarıga shıǵıw múmkinshiligin bermegen. Ásırler dawamında jiynalǵan ápiwayı hám mánawiy baylıqlardı basqınshılar iyelep alǵan yamasa joq etip taslaǵan. Qılısh hám zórlıq xalıqımızdıń kóplegen mádeniy baylıqların joq etip jiberdi. Biraq solarǵa qaramastan, dawirler ótip, tariyxiy asırımlar asıp xalıqtıń qımbatlı mádeniy miyrası usı kúnlerge shekem jetip keldi.

Sanalı miynet procesınde insan oy-órısı qáliplesti hám rawajlandı. Sezim, keypiyatlardı túsındiriw-muzıkanıń eń kushli ózgesheliklerine aylandi.

Adamnıń sezim, keypiyatı óz-ózinen kórinbeydi. Insannıń sezim hám keypiyat orayı - real ómir hám turmıs. Biz túrmıs jaǵdayı tásırine qaray qayǵıramız, yamasa quwanamız, ashıwımız keledi, yamasa quwanıshımız ishimizge siymaydı, ókpeleymiz. Sonday-aq, eger muzıka bunday sezimlerdi túsındirer eken,-demek, ól waqiyanı sawlelendiredi. Biraq muzıka mazmunın tek belgili bir sezimler nátiyjesınen quraladı dep aytıwǵa bolmaydı. Muzıka, sonday-aq, pikirlerdi ózinde jámlewge de iye.

Muzıkalıq miyrastı saqlap qalıw túsınigınıń mazmunı sonday-aq, ótmish ideyaların kóz-kóre tákirarlaw hám saqlaw emes, balkim onı sanalı dunyaǵa kóz

qaras hám insaniyat mápleri tiykarında rawajlandırıw, kritikalıq ózlestiriw hám dóretiwshilikti qayta kórip shıǵıw zárúrligin bildiredi.

Kompozitorlarımız xalıqtıń muzıka kórkem-ónerın dóretiwshilik jaqtan úyreniwi nátiyjesınde xalıqımız mádeniyati ǵaziynesıne biybaha miyras bólıp qosılǵan kórkem-óner shıǵarmaları payda boldı. Gózallıqqa umtılǵan hár bir insan qalibinen, jurek tórinde orın alǵan qósıqlar kompozitorlar dóretiwshiligin qáliplestiriwde fundamental tiykar sanaladı.

Solay etip, muzıkalıq waqiyalıqqa ayrıqsha, tek oǵan say formada sawlelendiredi, jámiyet hám zamannıń tiykarǵı ideyaların, insanlar múnásebetindegi eń kerekli nárselerdi túsındiredi.

Muzıka waqiyalardı filosofiyalıq ulıwmalastırılǵan jaǵdayda ańlaydı. Hár bir kompozitor dóretiwshiliginde ol jasap atırǵan zamannıń, dawirdıń qanday da bir ózgesheligi óz mazmunın tabadı. Muzıkanıń adamlarǵa tásıri oǵada kushli bolıp, sebebi ol insan sezimlerin ózine shaqıratuǵın, joqarı emocional kórkem-óner túri.

Muzıka insanǵa ilgeri onsha belgili bolmaǵan ajayıp joqarı sezimlerdı ashıp beredi, ól insandı ózgertip juberiwge, onıń qálbin náziklestiriwge, ruwxıy jaqtan bayıtıwǵa kúshi jetedi. Sonıń ushın da muzıkanı insan tabiyatındaǵı barlıq jaqsı sezimleriniń aynası dep biykarǵa aytpaǵan. Muzıkanı suygen insan ruwxıy jaqtan bay bolıp, mánawiyatı joqarılaydı.

Hár bir muzıka sabaǵında ayrıqsha ózgeshelik bar bolıp muzıka oqıtıwshınıń ózine say sırları boladı.Muzıkaǵa muhabbat, qızıǵıw menen balalarǵa bor bilimlerin beriwge umtılıw hám iske kewil menen berilgen insane jumıs processın turmısı menen jasaydı.

Tájiriybeli pedagog muzıka pánin quramalılıǵı hám oqıtıwshı menen sázendeniń baylanısın kórsetip ótken. Muzıka tarbiyashısı oqıw hám tárbiya islerin alıp baradı, ol tek keń bilimge iye bolıp ǵana qalmay óziniń pánin hám jaqsı biliwi kerek. Balalardı muzıka óneri menen tarbiyalawı, dunyaǵa káz qarası, pikirlew túsinigi, eń ahmiyetli. Muzıka insanǵa emocianal estetikalıq sezimdi aktiv rawajlandıradı.

Muzıka basshısı sázende hám jaqsı artist bolıwı, muzıka asbapında jaqsı oynawı, atqarıwı, dawısları túsiwi, notaǵa qaray tuwrı ayta biliwi, balalardıń ózgeshelikleri hám qabiletlerin jaqsı ajırata biliwi lazim.

Muzıka basshısı yamasa muzıka jetekshisi muzıka asbapında jaqsı atqara biliwi, bul ámel olarda tómendegi ózgesheliklerdi asıwında xızmet qıladı.

- janlı atqarıwı balalarda keypiyattı kóteredi;

- jamaat bolıp qosıq atqarıw qálegen epizoddı qaytalaw;

-Muzıka asbapında atqara alatúǵın muzıka jetekshisi tarbiyalanıwshılarǵa muzıkanı ózi atqarıw qanday quwanıshlı ekenligi kerekligin ámelde kórsetedi, bul ózgeshelikler muzıka pánin taǵdirin amelge asıradı.

Balalar menen qatnasta bolıw, olardı arzıw-maqsetlerin esitiw, muzıkaǵa qızıǵıwın úyreniw, ata-analar menen birgelikte islesiw, olardı tarbiyalanıw ortalıǵın jaqsılaw jumısları tek muzıka tálimin emes balki basqa bilimlerge de tarbiyalaydı.

Balalardıń maqsetin tolıq túsiniw, olardıń pikirlerin biliw ushın olarǵa sabaq otirip kóriw kerek sonda bularǵa tómendegishe nátiyje beredi:

-ózine isenim;

-pánde muhabbat;

-ómirge muhabbat;

-ilimge umtılıw;

-estetikalıq talǵam;

-madeniyat;

-qatnas mádeniyatı;

-sabaqqa aktiv keliw, qatnasıw;

-ózini ustaz sıpztında qanday ómel etiwi siyaqlı sıpatları asıp baradı.[12]

Sonday-aq, baqshalardaǵı muzıkalı erteliklerde balalardıń kómegi, olardıń pikirleri menen doslasıw tálim sıpatın jaqsılaydı. Sonday-aq, bunday tamasha kórinislerinde tıńlawsh mádeniyatın qáliplestirip barıladı. Bul keleshekte mádeniyatlı insannı payda etiwge xızmet qılınadı.

---

[12] Rahmonova D. Maqolası Ma'rifat. 2019-yil 2-mart, № 17(9186)-6-bet

## II-Bap. Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham tarbiyası

### 2.1.Muzıka iskerlik turleri

**1. Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka tıńlatıw.** Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde balalardıń muzıkalıq tárbiyasına ayrıqsha itibar beriledi. Muzıkanı tıńlaw biliw hám odan zawıqlana alıw da úlken sheberlik esaplanadı. Balalarda muzıkanı tıńlaw mádeniyatı eń kishi jastan baslap úyretip barıladı Muzıka mádeniyatı sabaqlardaǵı barlıq bólimlerinde balalar muzıkanı tınlap baradı. Biraq muzıka sabaqlarında ásirese tıńlaw bóliminde muzıka basshısınıń aldında júdá úlken wazıypalar turadı. Balalarda atqarıw múmkinshiligine qaraǵanda tıńlaw múmkinshiligi judá keń boladı. Máselen: milliy saz ásbapları, ayaq oyın, muzıkalıq ritmikalıq háreket, didaktikalıq oyın, muzıka sawatı hámmesin bala atqarıp emes kóbinese tıńlap oyına keldiredi. Sonıń ushın da muzıka tıńlaw arqalı balalardıń kórkemlik jaqtan sana-sezimi rawajlanıp baradı. Muzıka sabaqlarında tıńlaw arqalı muzıka mádeniyatın asırıw ushın tómendegi talaplarǵa qaray shıǵarma tıńlaw usınıs etiledi.

Balalardıń jasına say xalıq qosıqların tıńlatıw olarda milliy sezimlerdi qáliplestiriwde fundament bolıp xızmek qıladı, Olarǵa klassikalıq hámde zamanagóy muzıkalıq shıǵarmaların tıńlatıw, sonday-aq, qońsı xalıqlar qosıqların hám ayaq-oyınlarıtıńlatıń doslıq múnásebetlerin qáliplestiredi. Muzıkalıq shıǵarmalar haqqında, tıńlaǵan shıǵarmaların atların eslew, mazmunı, xarakteri haqqında sóylep beriw. olardı shıǵarma kompozitorı menen tanıstırıw. Muzıka tıńlawda olardı pikirlew sheńberin keńeytiw, sóylew uqıbın, dıqqat itibarın asırıw hám tıńlaw mádeniyatın qáliplestiriw. Muzıkalıq lalǵamın qáliplestiriw ushın balalarǵa qızıqlı qısqa mazmunlı shıǵarmalardı tıńlatıw. Qısqa kolemdegi shıǵarmalardı balalar tez qabıl etedi. Muzıka basshısı birinshi náwbette shıǵarmanı

tanıstırıwda balalarga qısqa, anıq mazmunli, qızıqlı kiris sózi muzıka tıńlaw processinde áhmiyetli rol oynaydı. Sonda balalar da shıǵarmanı tolıq qabıl etiwge háreket qıladı. Muzıkalıq shıǵarmanı 4-5 sabaq dawamında tıńlaw shárt. Hár sabaqta tıńlaganda shıǵarmanıń jańa ashılmaǵan tárepleri kórine baslaydı, qızıǵıwshılıq, muzıkaǵa bolǵan muxabbatları artıp baradı. tıńlagan shıǵarması mazmunı, xarakterin ajıratıw menen birge óz tásirleniwleri menen bólisiwge úyretiw. Seslerden ırǵaqlar, ırǵaqlardan bolsa nama payda bolıw haqqında túsinikke iye bolıw. Muzıkalıq shıǵarmanı 2-3 bólimli forması menen tanıstırıw, bólimler ózgeriwin parqlawǵa úyretiw muzıka basshısınan talap etiledi.

**2.Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde qosıq aytıw.** Qosıq - ses payda etiwdiń quramalı processiniń biri bolıp, tiykarınan dawıs hám esitiw organlarınıń birlesiw tiykarın quraydı, yaǵnıy esitiw apparatı hám qosıqshılıq hawazınıń ózara baylanıslılıǵı bolıp tabıladı. Esitiw qábiletiniń rawajlanıwı – balalardıń kishi jasınan rawajlanadı. Olar muzıka basshısı yaki tárbiyashı qosıq aytıp bergende qosıq, nama yaki irǵaqtı sap halında esitedi hám solayınsha aytadı.

Kishi jastaǵı balalar 2-3 nota aralıǵındaǵı qosıqlardı ayta aladı. Balalar úlkenlerdin namaların esitip, keyin ózleri de sol namanı úlkenlerdey aytıwga háreket etedi. Mektepke shekemgi jasındaǵı balalarda dawıs apparatı tolıq rawajlanbaǵan (ses agzaları rawajlanbaǵan, názik, nápes kúshsiz h.t.b). Bala rawajlanǵan sayın organizm hám qosıqshılıq organları da jetilisedi. Mektepke shekemgi jasındaǵı bala dawısı jeterli dárejede jarqınlıǵı bolmaydı. Bul problemalar ústinde kóp ǵana izertlewshiler ilimiy isler hám izleniwler alıp baradı. N.D.Orlov, Ye.I.Almazov, N.A.Metlov, N.A.Vetlugina, A.D.Voynova, R.T.Zinichlar balanıń dawıs ózgeshelikleri, olardıń diapazonı, imkaniyatları haqqında toqtalip, olar óz iimiy jumislarinda "balaniń tábiyiy hawazı re 1 - si 1, yaǵnıy odan joqarı hám páski notaların bala atqarǵanda dawıs zorıǵıw hám qısılıp aytıw múmkin. Bul balalardıń dawıs aǵzaları zıyanlanıwına alıp keliwi múmkin" dep uqtiradı. Bul problemalarǵa jol qoymaw ushın anıq maqsetke jóneltirilgen hám puxta oylap shıǵılgan repertuar tanlanıw kerek. Buǵan tiykarǵı itibardı qaratamız

**3.Mektepke shekemgi jasındağı balalarda qosıqshılıq kónlikpelerin tárbiyalaw.** Bala qosıqtı durıs aytıw ushın onda qosıqshılıq, vokal-xor kónlikpelerin qáliplestiriw kerek. Qosıqshılıq kónlikpeleri bul durıs jağdayda aytıw. qosıq aytıw barısında bala gewdeni kóterip búksheymesten, stul arqasınga súyeninkirep otırıwı kerek. Qolları bolsa dizege qoyıladı.

Dawıs payda etiw, dem alıw(napes) hám diktsiya. dem alıw qisqa, yeńil hám shawqımsız bolıwı kerek. Sózler anıq hám túsinikli etip aytıladı. Xor kónlikpeleri. Bul ansambl hám duzilis (stroy)dıń óz-ara baylanıslılığı. “Ansambl” - francuzsha sóz bolıp, “birlesiw” (slitnost) yağniy, dawislardiń kúsh hám bálentliginiń birlesiwin bildiredi. Bul processte dawıs unison aytıwğa hám tembrdiń tegisleniwine erisiwimiz kerek.

Qosıq atqarıw kónlikpeleri qosıq yadlaw hám úyretiw barısında rawajlanadı. Shığarmalar kobirek úyretip barilğan sayın kónlikpe rawajlanadı. Baqshada tárbiyalaw processinde oqıtıwshi tómendegilerdi biliwi kerek:

Kishi hám orta topar - muzıka basshısı menen muzıka ásbabi járdeminde ápiwayı, qıyın bolmağan qosıqlardı ayta alıwı kerek.

Úlken topar - ásbapsız tek muzıka basshısınıń járdemi menen yaki muzıka basshısısız muzıka ásbabı qosılıwında aytıw, sesler bálentligi hám sozımların ajırata alıwı, qosıq aytıw barısında durıs turıw, gewdeni tik, yelkeni kóterip otırıwı kerek. Mektepke shekemgi tayarlaw toparı - yadlağan qosığın tásirli aytıp beriw, aldın yadlağan qosığın eslep aytıw, aytıw barısında janındağı balalardı esite alıwı hám kemshilik - qátelerin durıslay alıwı, seslerdiń joqarığa hám páske háreketleniwin ajırata alıwı, notalar qısqa uzınlığın hám notalardın atların biliwi kerek. Muzıka basshısı balalarğa qosıqtı úyretiwden aldın qosıqtı tanıstırıw, shığarma kompozitorı haqqında, shığarma teksti, mazmunı haqqında sóylep beriwi kerek, bir sóz benen aytqanda balalarda bul qosıqtı úyreniw ushun qızığıwshılığın oyatıw. Qosıq úyreniw barısında jas dáwirler boyınsha kórip shığamız.

Qosıqshılıqta ses rezanatorları eki qiylı boladı: Joqarı hám tómengi. Joqarı-bas rezanatorğa ses perdeleriniń joqarısında jayğasqan xıqıldaq, murın hám awız boslıqları kiredi. Tómengi kokirek rezanatorına kokirek boslığı troxeyası, bronxlar

kiredi. Rezanatolar ses payda qılıw waqıtında oz formasın artikulyaciya payda qılıw arqalı ózgertirip túradı.

Diapozoni joqarı registr sesler, bas rezanotor, tomengi registr sesleri –kókrak rezanotorı dep aytıladı. Orta registr seslerin atqarǵanda aralas bas, kokirek registrlernen paydalanıladı.

Artikuliyaciya-latinsha “artikul” –bóliniw degen mánisti bildiredi. Aytıw anıq yamasa anıq emes bolıwı artikulyaciya diziminiń aktiv yamasa passivligine baylanıslı. Vokal sabaqlarında alıp barılatúǵın belgili shınıǵıwlar artikuliyanı aktivlestiredi. Artikulyaciya dizimi organlardı aktivlestiriw ushın túrli qıylı shınıǵıwlardan paydalanıw múmkin. Maselen, tomengi jaǵ xáreketiniń aktivlastiriw ushın “na”, “ma”, “da” siyaqlı buwınlardan paydalanıp shınıǵıw islew múmkin. Tuwrı aytıwda únsiz buwınlardan únsiz hám únli seslerdi ózara múnásebeti úlken ahmiyetke iye boladı. Únli seslerdi ózlestiriwde únsiz seslerdıń anıq aytılıwı úlken rol oynaydı.

Endi lab tis aktivligi ushın qılınatúǵın shınıǵıwlardan ayrım úlgiler keltiremiz. Erinlerdi aktivligi ushın erin únsizleri z. m. p. ya. f. Va lab unlileri o. u. yu. seslarinen nu. mu. mo. bu. ku. siyaqlı buwınlar dúzip aytıw múmkin. Til aktivligin asırıw ushın únsi z d. k. z. l. n. r. s. t. s. ch. sh. Hám únli seslerden quralǵan lya.lyo.lyu.le. hám basqa buwınlardan dúzilgen shınıǵıwlardan paydalanıwımız múmkin.

Balalar dawısın rawajlandırıw ses apparatı insannıń úlken baylıǵı bolıp, bul baylıqtan omir dawamında paydalanadi. Sol sebepli ses payda etiw dizimin áste shınıǵıw isletiw, onı múmkin barınsha uzaq waqıt salamat saqlaw zárúr.

Qosıq aytıwdı rawajlandırıw soylewdiń qáliplesiwine jaqsı tásir kórsetedi. Sol sebepli qosıq aytıwǵa balalıqtan dúris úyretiw zárúr. Bunda baladıń qosıq dawısın ilajı barınsha jeterli, abaylap, ǵamqorlıq penen rawajlandırıw, onıń ses shıǵıw dizimi jaǵdayında bárhama itibar menen qaraw zárúr.

Balanıń dawısı rawajlanıwı nátiyjesinde qosıq aytıwǵa anıq maqsetti kózlep úyreniw sebepli oqıw processınde múmkinshilik penen nátiyjeli tásiri astında, yamasa bólmasa hár eki joldıń qosılıp ketiwi sebepli payda bolatúǵın process.

Bala dawısında ses nayshesinde dawıs perdeleri boladı. Qosıq aytqan waqtta oraylıq nerv sistemasınıń basqarıwı tek tamaq emes, balki artikulyaciya dizimi, dem alıw organları hámde basqa organ hám sistemalar shaqırıladı.

Balalar dawısları biraz sharshaw barısında buwılıp shıǵıwı múmkin. Qosıq aytqanda erkin, zorlamastan, aktiv, emocional tayarlıq penen, gewdeni dúris tútıw hám qosıq mazmunın túsiniw arqalı atqarıwǵa úyretiw kerek. Sonday-aq, qosıq aytgan waqıtta qıshqırıw, bárhama tómen ses hám balanıń passivligi bolǵanda aytmaslıq, dikciyanı túwrı uslaw arqalı úyretiledi.

**4.Muzıkalıq-ritmikalıq iskerlik**. Muzıka tarbiyasindag'i iskerlikten balalar baqshasi ushin eń ahmiyetlisi bul muzıkalıq-ritmikalıq iskerligi esaplanadı. Balalar baqshasında bul jumıs azangı denetárbiya shınıǵıwları sıpatında ámelge asırıladı. Balalar shınıǵıwlardı taza hawalı xanalarda yamasa ashıq hawada ótkeriledi. Bunıń ushın balanıń kiyimi jeńil hám qolay bolıwı kerek. Bárhama shınıǵıw islep barıw balalardı jelke, qarın hám basqa aǵzaların bekkemleydi. Ayaq ushı hám taban ushın orınlanatúǵın shınıǵıwlar jay tabanlıqtı aldın aladı. Bundan tısqarı bunday shınıǵıwlar balalardı qan aylanıw dizimine tásir kórsetedi.

Muzıkalıq basshı sabaq ótkeriw processında balalarǵa muzıka astında háreket qılıwlarına járdem beredi hám olarǵa háreket elementlerin úyretip baradı. Muzıkalıq sabaqlardı baslawdan aldın balalardı muzıka menen juwırıw hám sekiriwge úyretiw lazım.

Juriw - har qıylı boladı, ápiwayı qádemlerdi keń taslaw, turǵan jayında dizzelerdi kóterip, jumsaq sozıp ayaqtı ushında juriw túrleri bar.

Juwrıw - bul ápiwayı, jeńil, ayaq ushında qoldı joqarıǵa kóterip juwriw hám keń adım menen juwrıw.

Sekrew - bunda eki ayaqta sekrew, ayaqtı júplep, ayaqlardı almastırıp, bir ayaqtı aldınǵa ekinshisin arqaǵa qılıp sekiriw, domalaq obruchlar arasınan arqan menen sekirew túrleri bar.

Muzıkalıq ritmikalıq háreket islepatırǵanda taza hawadan dem alıw kerek. Bunıń ushın balalarǵa toliq dem hám burından tolıq alıwǵa úyretiw kerek.

Balalarǵa shınıǵıwlar processınde demdi uzaq uslap turmaw kerekligin úyretiw kerek.

Áne sol waziypalar qosıq aytıp ayaq-oyınǵa oynaǵanda úlken járdem beredi.

1 Yasli bala - muzıka sesine impulsiv reakciya qıladı hám olar elekledi. Úlkenler muzıkaǵa say qanday háreket qılsalar jas balalar ham sonı qaytalaydı.

2-3 jaslı balalar - muzıkanı ritmikalıq ańlawǵa jeterli túrde tayyar boladı.

4 jaslı balalar - oyın haqqında piker ayta aladı hám qıyın shıǵarmalarǵa say háreketti qıla aladı.

5 jaslı balalar - ritmikalıq háreket hám shınıǵıwlar haqında bimalel óz pikirlerin hárekette túsindire aladı. Biraq muzıka tempin ózgerisi olar ushın qıyınshılıq tuwdırıwı múmkin.

6 jaslı balalar - muzıka menen háreketti bir-birine maslıǵın sezedi. Oyın processınde háreket izbe-izligin sezedi.

7 jaslı balalar - muzıkanı aktiv túsinedi. Muzıkanı háreket menen baylanıslıǵın sezedi. Olar ayaq-oyın processınde ózbetinshe háreketlene aladı.

Baslanǵısh toparlarda ritmikalıq háreketlerdi orınlaw, balalardi fizikalq rawalandırıw ushın úlken áhmiyet kasip etedi. Baslawısh topar balaların dawıs apparatları nazik, dıqqat itibarı tarqaq, serháreket, oyınǵa beriliwshi, eslewi, soylewi tolıq rawajlanbaǵan bolǵanlıǵı sebepli muzıka sabaqlarında jumıs túrleri tez-tez almasıp túrıwı lazım. Muzıkaǵa say ayaq-oyın háreketlerin orınlaw, balalar dıqqatın jiynawda este saqlawın bekkemlewde hám fizikalıq ósiwge járdem beredi.

Sabaq dawamıda tómendegi háreket túrlerinen paydalanıw úsınıs etiledi: marsh muzıkalarına qadem taslaw, juwriw ayaq-oyını elementlarin orınlaw, erkin oyınlar ótkeriw, muzıkalı háreketlerdi, hár qiylı qol hám deme háreketleri menen túsindiriw. Milliy muzıka madeniyatında ayaq-oyın úlken áhmiyetke iye bolıp oǵan hár bir bala qızıǵadı. Ayaq-oyın háreketleri muzıka sabaqlarında balalar aktivligin asıradı.

Balalar saz ásbapńarında qosılıw jumıslarında muzıkalıq dunyaǵa kóz qaras, muzıkalıq sezim, óz-orıs, ritm sezimi hám muzıkalıq este saqlaw qábileti

qáliplesedi. Sol waqıtta muzıkanıń qanday jumıs turi bolmasın,ol shaxsdıń bárshe psixologikiyalıq kaqtan qáliplesiwine járdem beredi.

Muzıkalıq jumıstıń hár biri bárshe sanap ótilgen psixologiyalıq sezimlerdi

qáliplestiriwge azmaz bolsa da óz tásirin ótkeredi. Muzıkalıq sezimler, muzıkalıq dunyaǵa kóz qaras, muzıkalıq túsiniw, qábiletti qáliplestiredi. Demek, olar balalardıń ulıwmalıq muzıkalıq mádeniyatı, estetikalıq sezimin qáliplestiredi.

## 2.2.Mektepke shekemgi mákemelerde muzíka tálim-tárbiyasí hám oqıtıw metodikası

Gárezsiz Watanımız Ózbekstannıń erteńgi kúni keleshegin álbette, jaslarsız kóz aldımızǵa keltiriw qıyın. Kórkem - óner, muzıka madeniyatı insanǵa jaslıǵınan óz tásirin kórsetip kelip, pútkil ómiri dawamında oǵan joldas boladı. Muzıka sonshelli qúdiretke iye, ol insan júregine júdá tereń kirip barıp, kewil keshirmelerdi, sezim - tuyǵılardı táriplep bere aladı. Balalardı jas waqıtlarınan baslap tárbiyalawda muzıka tálimi hám tárbiyasınıń ornı óz aldına. Balalardı muzıka arqalı tárbiyalaw hám olardı tuwrı jolǵa salıw biz pedadog kadrlarǵa júklengen wazıypa bolıp esaplanadı.

Bala baqshalarında balalardı muzıka tálimi hám tárbiyası arqalı tárbiyalaw úlken áhmiyetke iye. Muzıka bala qálbinde kushli tásirli sezimlerdi oyatadı. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń muzıka tárbiyası, onıń rawajlanıwı tımsalında mámleketimizdiń aydın keleshegin kóriwimizge boladı. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı rawajlandırıwda aldıǵa qoyılǵan maqset hám wazıypalardıń ámelge asırılıwına erisiw ushın “Úshinshi mıń jıllıqtıń balası” tayanısh dástúri hám “Ilk qadam” mámleketlik oqıw baǵdarlaması tiykar boladı.

Mektepke shekemgi tálim mákemeleriniń mámleketlik oqıw dastúri “Ózbekstan Respublikasınıń daslepki hám mektepke shekemgi jastaǵı balalardı rawajlandırıw haqqındaǵı mámleket talaplarına muwapıq islep shıǵılǵan huquqıy hújjet bolıp, onda mektepke shekemgi tálim mákemeleriniń maqset hám wazıypaların, oqıw - tarbiyalıq iskerliginiń tiykarǵı ideaları, mektepke shekemgi

balalardıń tálimniń keyingi basqishina ótiwindegi tiykarǵı kompetenciyaları belgilep berilgen.

Ózbekstan Respublikası aymaǵında jaylasqan tómendegi tálim mákemelerinde:

- mámleketlik mektepke shekemgi tálim mákemeleri;

-mektepke shekemgi tálim tarawında xızmet kórsetiwshi mámleketlik emes shólkemler;

- mektepke shekemgi toparlarǵa iye bolǵan «Mehribanlıq» balalar úyleri;

- mektepke shekemgi hám baslanǵısh tálimdi qadaǵalawshı basqarıw organlarında, usı mámleketlik oqıw dástúrin qollanıw májbúriy delingen.

Mektepke shekemgi tálim mákemelerindegi ótiletuǵın barlıq pánlerdiń tiykarǵı wazıypası balalardıń pikirlew hám oy - órisin jetilistiriwge xızmet etedi.

Mektepke shekemgi tálim mákemelerindegi tárbiyalanıwshıları 3 - 7 jasqa shekemgi bolǵan balalar bolıp esaplanadı. Olardı 3 dáwirge bolıp alsaq bunda:

1) 3 - 4 jas aralıǵı kishi topar tárbiyalanıwshıları

2) 4 - 5 jas aralıǵı orta topar tárbiyalanıwshıları

3) 6 - 7 jas aralıǵı mektepke tayarlaw topar tárbiyalanıwshılarınan ibarat.

Baqsh jasındaǵı balalardıń ózgeshelikleriniń biri bul olardıń háreket etip hesh sharshamaytuǵınlıǵında. Bunnan bizler tuwrı mániste paydalanıp, tárbiyalanıwshılardı qızıǵıwshılıǵına qarap bir maqsetke baǵdarlawımız kerek.

3 - 4 jastaǵı tárbiyalanıwshılar qıyın bolmaǵan qosıqtı anıq etip atqarıwları múmkin. Sebebi olar ózleri erkin háreketlerdi isley aladı hámde gárezsiz túrde ayaq - oyındı atqara aladı.

5 – jastaǵı balalarda bolsa – belsene ráwishte nege? ne ushın? qayerden? sıyaqlı sorawlar payda bolatuǵın dáwiri bolıp esaplanadı. Balalar gúzetiwsheń, muzıkanıń quwanıshlı yaki qayǵılı, seslerdiń bálent yaki pásligi, qanday ásbablarda atqarılǵanlıǵın biymálel anıqlay aladı. Olar qosıqtı qalay atqarıw kerekligin, qanday háreketlerdi islew kerekligin jaqsı túsine baslaydı. Bul dáwirde balalardıń dawısları rawajlanıp, jańǵırıqlı tús alǵan boladı. Dawıs intonaciyaları turaqlasıp baradı, biraq elede bolsa úlkenlerdiń kómegine mútáj boladı. Ritmikalıq

hareketlerden - júriw, sekiriw, juwırıw sıyaqlılardı jaqsı ózlestire baslaydı. 6 - 7 jastaǵı balalar bolsa - mektepke tayarlıqtı kóre baslaydı. Muzıka dógereklerinde alǵan bilim hám kónlikpelerine tiykarlanıp balalar muzıkalıq shıǵarmalarına táriyip berip, muzıkalıq keypiyat belgilerin yaǵnıy xarakterin ajırata alıwı múmkin boladı.

Baqsha jasındaǵı balalar menen islesiwde muzıka jetekshisi hár bir balanıń jeke ishki dúnyaqarasın hám talantın úyrenip shıǵıwı maqsetke muwapıq boladı.

Juwmaqlap aytqanda mektepke shekemgi tálim mákemelerindegi muzıka jetekshisiniń wazıypası balalarda muzıka tálimi hám tárbiyası arqalı olarda ruwxıy, ádep - ikramlılıq hámde kórkem - óner mádeniyatın qáliplestiriw hám jáne de rawajlandırıwdan ibarat. Muzıka sabaǵında muzıkanı esitip tıńlaw, qosıq aytıw, muzıka menen ritmikalıq háreketlerdi islew, muzıkalı saz - ásbablardı shertiwdi úyreniw hám muzıkalı didaktikalıq oyınlardan da paydalanıwı bul balalardıń muzıkalıq qábiletin rawajlandıradı hámde óz betinshe háreketleniwge, qosıq aytıwǵa, ayaq - oyınlardı oynawǵa úyretedi. Muzıkalı didaktikalıq oyınlar muzıka sabaqlarında yamasa balanıń bos waqıtında ótkeriledi. Balalar baqshada saz áspabları haqqında túsinikke iye bolıp, muzıka saz ásbapları menen de tanısadı. Metalofon, kselofon, baraban ásbaplarında shertiwge ıqlasın oyatadı hám bul saz ásbablardıń dawısların ajırata alıwǵa úyretiledi.



Muzıka táliminiń metodı hám usılların tańlaw àdette muzıkalıq tàrbiyashınıń wazıypası hàm mazmunına qarap belgilenedi. Muzıkalıq tàrbiya metodlarınıń tańlanıwı balalardın qaysı metodǵa tayanǵa halda bilim alıwlarınada baylanıslı. Bunda birinshi muzıka tarbiyası insanda muzıkalıq sezim tuyǵılardı oyatıw múmkin. Bul barada balalar menen islew dástlep muzuka tińlaw kónikpesin tińlawǵa keyin ala qosıq ùyretiw tájriybesi hám kònikpesin arttırıwǵa boladı. Balalardıń jası qanshalıq dárejede kishi bolsa, olarǵa muzıka tıńlawǵa hám qosıq úyretiwge ketetuǵın waqıt sonshalı

dárejede kóp waqıttı aladı. Balalardıń tárbiyalı bilim alıwlarınıń ekinshi bazası bul pedagogtıń sózi esaplanadı. Yaǵniy bul sóz balanıń muzıka tıńlawına qosıq aytıwın járdem beriwi shárt. Sebebi balanıń jaqsı rawajlanıwı ushın jaqsı sóz, jaqsı tárbiya hám muzıka kerek boladı. Mektepke shekemgi balalarǵa muzıka tálimin hám tárbiyasın beriwdiń tómendegishe metodı bar:

1. Kórgizbeli metod;

2. Àmeliy shınıǵıwlar metodı;

3. Soylep beriw metodı;

Balalarǵa tùrli metodik usıllardan paydalanǵan jaǵdayda tálim- tàrbiya beriwde pedagog tòmendegilerge ámel qılwı kerek:

- balalarǵa usınılıp atırǵan muzıka materialınıń kórkemlilik hám onıń sıpatlı atqarıwın tàmiynlew;

- balalardıń kollektivinıń ózine tánligı hám onıń ulıwmalıq hám muzıkalıq izertlew dárejesin, shólkemlestiriwshenligin esapqa alıw;

- mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń muzıkanı obrazlı hàm onı anıq túsiniwin támiyinlew;

- shıǵarma mazmunı hám muzıkalıq túsinik qurılmaların balalar sezimin hám sanasına jetkize biliw.

- balalardı aktivlestiriw, olardıń itibarın muzıkanı basqarıwǵa jetkize alıw;

- balalarda muzıkalıq obrazdı basqarıwdaǵı qábiletin tárbiyalaw.

Joqarıda aytlıp ótilgen metodlardıń hár birin óz aldına atap ótsek boladı.

**Kòrgizbeli metod.** Bul metod balalarǵa tùrli hàdiyselerdi, sezimlerin, átırap ortalıqtaǵı waqyalardı, insan hàm haywanatlardiń tuyǵi sezimleri, olardı omir hàm turmıs buyimlari menen tanistiriwǵa tiykarlanǵan.

1. Esitiwge tiykarlanǵan kòrgizbelik. Bunda balanı ozgertiw anıq muzıkaǵa baylanıslı boladı. Muzıka esitiw arnawlı shınıǵıwlar waqtında yamasa bala tárepinen qosıq aytıw hám muzıkalıq ritmikalıq háreketlerdiń óźi atqarıwı waqıtında bolıwı múmkin.

2. Kóriwge tiykarlanǵan kòrgizbelilik. Ol muzıkalı sesleri menen birge qosılıp alıp barıladı. Bul usılga tòmendegiler kiritilgeń:

- qosıq aytıw usılları

- tùrli oyınlar

- shınıǵıwlar hàreketinen ùlgiler kòrsetiw

- muzıka shıǵarmaları menen baylanıslı oyınshaqlardı, sùwret, kostyum hàm basqa predmetlerdi kòrsetiw hàm taǵı basqalar.

Sozlep beriw metodı. Bul metod bala sanasina mòlsherlengen bolip, onıń iskerliǵin mànili hàm mazmunlı qıliwǵa qaratılgan. Bunda pedagogtiń sòzi muzıka shigarmasiniń programmasın tùsinip alıwda balaǵan jàrdem beredi, bul onıń dòretiwshiligin aktivlestiredi. Sòzlep beriw metodi tòmendegi usılları bar.

1. Tùsindiriw. Bul usıladan jańasha shıgarma tıńlaw, qosıq aytıw, oyın hàm ayaq oyınlar qoyıw, shınıǵıwlar qoyıw waqtında paydalanıladı.

2. Tusindirip beriw. Bunday waqıtta oyınlar, shınıǵıwlar hàreketleri, qosıq aytıwdıń tùrli jollarin kòrsetiwde qısqasha hàm anıq formada beriledi.

3. Korsetpe beriw. Àdette balalar turli oyın, ayaq oyın hàm shınıǵıwlar islep atırǵan geznide beriledi.

4. Poetik sòzlew. Programmalı muzıka shıgarmasın atqarıwdan aldın kishilew prozalıq yamasa poetikalıq shıǵarmanı yamasa olardan azıraq bolimin oqıw(oqıp beriw) balalardıń muzıka shıgarmasınıń obrazin seziwde yamasa shuqırlaw tùsinip alıwga jardem beredi.

5. Sàwbet. Bul adette muzıka tıńlap bolǵannan keyin ótkeriledi. Sàwbet waqtında balalar **shıǵarmadan a**lgan oz pikirleri tuwralı aytadı.

6. Balalar menen òtkiziletugin sàwbetler hàr dayim sorawlar jàdeminde boladı. Pedagog balalarǵa muzıkadan algan sezimleri haqqında hàm taǵı basqa muzıka tuwralı sorawlar beredi.

**Àmeliy shinigiwlar metodı**. Balanin konkret iskerligin màlim bir maqsetlerin jòneltirilgen hamde sistemali shınıǵıwlar tarizinde alıp barılatúǵın tàlim tàrbiya sıpatında qaraladı.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı muzıkaga yagniy qosıq aytıwǵa muzıka tıńlawǵa ùyretiwde olarǵa jaqsı marapatlaw mánisindegi sózlerdi aytıp ùyretiw maqsetke muapıq, sebebi olar ele kishkene mektepke shekemgi jastaǵı balalar tek ǵana oyın menen bànt boladı. Sonıń ushın olardı qızıqtıra biliw ushın taqmaqlar, qosıqlar yadlatıp barıp, muzıkaǵa har qanday ritmikalıq oyınlar úyretemiz.



Qosıq aytıp atırganda olardin dıqqat bolinip ketiwleri mumkin. Sonıń ushın olardıń dıqqatın muzıkaǵa qaratı maqsetinde tek qosıq ayttırıp qoymastan ritmikalıq háreketlerde isletip barıw, ayaq-oyın úyretiw, obrazlı syujetli oyınlar ótkeriw ámelge asırıwǵa boladı.

Muzıkaǵa qızıǵıwshılıq oyanǵan balalardıń ozleri aq saz asbapların qolına alıp har qıylı ritmikalıq háreketlerdi shertip kòriwleri mumkin. Mektepke shekemgi jaslarǵa hàzirde prezidentimiz tarepinen har qıylı imkaniyatlar jaratılıp berilmekte.





**Muzıka basshısınıń oqıtıw**

**metodikası.** Muzıka basshısı kópchilik aldında muzıka propagandisti sıpatında shıǵıp óz jumısın ámelge asırıwda rus muzıka pedagogi D. V. Kabalevskiy aytqanınday- "*..óziniń eń tiykarǵı waziypasın xoh zaldaǵı koncert waqıtında, ol muzıka sabaǵıma, balalar menen sawbetleskende, olardı muzıkaǵa qızıqtırıw, emocional shaqırıw, óziniń muzıkaǵa muxabbatın olarǵa sińdiriw zárúrligin bir minut hám unıtpaw kerek".*

Muzıka tarbiyası balalarǵa muzıka tıńlaw, qósıqlardı yadlaw muzıka menen háreketlerdi orınlaw, muzıka asbapların shertiw, muzıka hám muzıkantlar haqqındaǵı kitaplardı kórsetiw, teatr koncert, filarmoniyaǵa barıw siyaqlı muzıka jumısınıń hár qıylı túrlerin úyreniwden quraladı. Muzıka tıńlaǵanınan keyin balalardaǵı pikir almasıwlar juda úlken tárbiyalıq ahmiyetke iye bolıp, bul menen balalar ortasında bir-birlerin ańlaw sezimi hám ózara isenim payda boladı.

Muzıka basshısı balalar dıqqatın qosıq mazmunına qaratıwı, balalarda ózleri atqaratúǵın muzıka shıǵarmaların emociyalıq mánisti ańlawǵa úmtılıw payda bolıw, olardıń álem haqqındaǵı túsiniklerinen nátiyjesin támiyinleydi. Bala muzıkaǵa qaray háreket qılar eken, onda emociyalıq jaqınlıq hám ritmnı seze alıw qáliplesedi.

Mektepke shekemgi bilim beriw mákemelerinde muzıka tálimi hám tarbiyasınıń waziypası balalardı Vatanǵa sadıqlıq, doslıq, tınıshlıq súyiwshilik ruwhında kamalǵa erisiw olardıń muzıkalıq sezim hám talǵam menen estetikalıq sanasın ósiriwden quralǵan.

Balanıń jas bópe etikasın biliwge hám súyiwge shańaraqta ata-anası járdem berishi kerek. Ata-analar perzentlerindegi kórkem ónerge bolǵan miyir-muhabbattı birinshi gezde kóredi. Balalar jaslıǵınanaq kórkem ónerge qızıǵadı. Balalarda áne sol sezimdi, estetikanı qollaw sezimlerin rawajlandırıw hár bir ata-ananıń waziypası. Bázi ata-analar balalardı muzıkaǵa, suwretlew ónerine, músinshilikke qızıǵıwın sezbeydi hám itibarsız qaraydı. Sen muzıkant bola almaysan dep qızıǵıwın sondıradı. Ata-analardıń ózi muzıka yamasa basqa dóretiwshilik jumıslarına qızıqpaydı.

Balalardıń bul siyaqlı ózgeshelikleri hár bir basshıdan atqarıw sheberligin, úlken pedagogikalıq sheberlikke iye bolıwın talap qıladı. Sonıń menen bir qatarda muzıka sabaqlarında jańa pedagogikalıq hám axborot texnologiyalardan keń paydalanıwdı jolǵa qoyıwı kerek.

Muzıka basshısı balalardı muzıka álemine alıp kiriwde balalarda muzıkaǵa bolǵan qızıǵıwların asırıwǵa, muzıkalıq tilni tusindiriwge, kóz qarasın qáliplestiriwga, muzıkalıq talǵamdı ósiriwge, gózzallıqtı seze alıwǵa, muzıkalıq oqıwını rawajlandırıwǵa háreket qıladı.

Muzıka táliminiń ózine say baǵdarlanǵan belgili bir wazıypaları bolıp muzıka basshısı muzıka sabaǵı hám ertelikler járdeminde tomendegi waziypalardı ámelge asırıwdı maqset etip qoyadı.

1.Balalarǵa muzıkaǵa ixlasın oyatıw, muzıka qábiletin (ritm sezimi, muzıkalıq dıqqatı, sezim hám eslep qalıwın, kórkem talǵamın) ósiriw.

2.Balalarda milliy miyrasımızúa itibar, Ana Watanǵa muhabbat sezimin tarbiyalaw, jamiyetke payda keltiriwge hawes, perzent, balalıq hám jámáátshilik aldındaǵı burshın ańlaw, dóslıq, insaniylıq sezimlerin qáliplestiriw talǵamsızlıq, ideyasızlıq, jalqawlıq, pastkeshlik siyaqlı jaman sezimlerge qaramaslıq sezimin tarbiyalaydı.

3.Balalardıń kórkem dóretiwshilik qábiletin ósiriw, olardıń turmısqa, oqıwǵa, miynetke hám basqa háreketlerge gózzallıq alıp kiriwi qábiletin rawajlandırıw, óz-ózine hám átıraptaǵı bárshe náselerge gózzallıq kirite alıwǵa úyretiw.

Muzıka sabaǵı iskerlikleri menen tarbiyashı balalardı iskerlik waziypaları menen tanıstıradı. Sabaqtıń hár bir túrinde dapshiler, shaqqıldaqlar, ushmuyish siyaqlı balalar saz asbapın shertip, nama hám qosıqlarǵa say oyın elementlerin, háreketli islerdi orınlaw, muzıka asbaplarınıń shertiliwi, qol háreketleri menen imitaciya qılıw, shappat siyaqlı elementlerden keń paydalanıw jáne qızıqlı hám mazmunlı bolıwın támiyinleydi.

Muzıka sabaqları dáslep balalardı kóz qarasın úyrenip, mádeniyatlı, estetikalıq tárepten barkamal bolıp ósiwlerinde múnásip orın tutadı. Muzıkanı

tusiniwge, muzıka teoriyası, muzıka adebiyatı hám tariyxin, milliy qádriyatlarımızdı úyrenedi hám kórkem óner durdanaları menen tanıstıradı, vokal-xor kónlikpelerin rawajlandıradı, muzıkalıq qábiletin ósiredi, oǵan bolǵan talaptı qandıradı.

Muzıka sabaqlarında basshı balaǵa dáslep bar muzıkanı esite biliwdi úyretedi, muzıka mazmunı, gózzallıǵın túsiniwine, muzıkaǵa bolǵan qızıǵıwın hám hawesti oyatıwǵa muzıkalıq túsiniklerdi, onıń qırraların, turleri hám formaların, janrların ashıp beredi hám mádeniy azıq beredi. Muzıka tálimi processın sıpatlı ámelge asırıw ushın, dáslep basshılardıń qanday kónlikpe hám qábiletke iye ekanligine baylanıslı. Basshı *óz kasibin qániygesi bolıwı, muzıkanı quwanısh, beriwshi janlı kórkem óner sıpatında suyıw, oǵan zárúrligi múnasebette bolıwı hám de ózi suymeytúǵın nárselerge balalarda muhabbat oyata almaslıǵın, xech qashan unıtmaw kerek.* Basshı óz órnı, qádirin biliwi kerek. Sabaqta basshı obekt, balalar bolsa subekt bóliwları kerek.

**Muzıka dóretiwshiligi** balalarda muzıkalıq talǵamdı, izleniwdi hám dóretiwshilik kónlikpelerin osirip barıw ushın úlken áhmiyetke iye. Bul dóretiwshilik jumısı bala atqarıwında dáp, gubin shertip qosılıw, nama ırǵaqına say keliwshi háreketlerdi ayaq-oyın háreketlerin tabıw, qosıq frazasına nama jaratıw siyaqlı dóretiwshilik ámeliyatları menen orınlanadı.

Muzıkalı háreketler, saz hám dóretiwshilik jumısın ámelge asırıwda óyın usıllarınan keń paydalanıw úsınıladı. Usı jumıslar mazmunı ritmikalıq háreketler menen baylanıslı. Muzıka tarbiyashısı dástúrde berilgen kórkem joqarı, tarbiyalıq jaqtan balalardıń kishi jaslıq ózgesheliklerine, túsiniw ámeliyatına say bolǵan jańa shıǵarmalarınan keń paydalanıw huquqına da iye. Sabaq sharayatına qaray olardı almastırıw múmkin. Bul bolsa sabaqlardı joybarlawda hám sabaqqa tayargershilik kóriwde dóretiwshilik penen qarawdı talap etedi.

Mektepke shekem jastaǵı balalarǵa muzıka tarbiyası beriwde shańaraq hám baqsha hamkarlıǵı jaqsı nátiyjeler beredi. Mektepke shekemgi tayarlaw toparlarında balalardıń alǵan bilimlerin jánede bekkemlew ushın “Namanı tap”, “Dostıńdı dawsınan tawıp al”, “Qaysı saz ásbabı jasırıngan?” sıyaqlı oyınlardı

ótkeremiz. Muzıka balanıń ishki sezim tuyǵılarına hámde pikirlew oylarına úlken óziniń tásirin kórsetiwin esapqa alǵan halda, tańlanǵan muzıkalı shıǵarmalardan orınlı túrde paydalanıwdı usınıs etemiz. Mámleketimizdiń ertengi kúniniń iyeleri bolǵan jas áwladtı estetikalıq hám ruwxıy jaqtan bay, tárbiyalı shaxs sıpatında qáliplestiriw, saw - salamat, bilimli, sanalı bolıp jámiyetimizdiń belsendi aǵzaları etip jetilistiriw mektepke shekemgi mákemelerinde muzıka tálimi hám tárbiyasın beriwshi muzıka jetekshisi aldında turǵan úlken wazıypa bolıp esaplanadı.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa tárbiya beriwdiń baslı maqseti bul hár bir insandı hár tárepleme aqılıy jaqtan rawajlanǵan etip tárbiyalaw. Al, hár tárepleme rawajlanǵan insan degendu, bir deni saw, kúshli, ǵayratlı, óz ana Watanın súyiwshi, mehriban, úlkenlerdi sıylap kishkenelerge ǵamxorlıq jasawshı aqıllıq penen is tutıwshı adamlardı túsinemiz. Hár tárepleme rawajlanǵan adamdı tárbiyalaw bul eń dáslepki tálim-tárbiya basqıshı bolǵan balalar baqshasınan baslanadı. Sol ushın da mektepke shekemgi tárbiya máseleleri jámiyetimizdiń rawajlanıwına tásirin tiygiziwshi eń áhmiyetli dáreklerdiń biri bolıp esaplanadı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde balalarǵa beriletuǵin muzıkalıq tárbiyaniń maqseti hám wazıypaları tómendegilerden ibarat:

- Muzıkaǵa degen súyispenshilik penen qızıǵıwshılıqtı tárbiyalaw. Bul wazıypa, balalardań esitken muzıkalıq shıǵarmalarınıń mazmunın tereńirek sezip túsiniwine kómeklesetuǵın, muzıkalıq qabıllawshılıǵın, muzıkanı este saqlaw qabiletin rawajlandırıw jolı menen sheshiledi;

- Balalardı hár túrli tárbiyalıq áhmiyetke iye muzıkalıq shıǵarmalar menen tanıstırıw hám olardıń muzıkalıq tásirlerin bayıtıw;

- Balalardı muzıkanıń eń ápiwayı túsinikleri menen tanıstırıw, muzıka tıńlaw, qosıq aytıw, muzıkalı-ritmikalıq háreket, balalardıń muzıkalıq áspablarda oynaw sıyaqlı uqıplılıǵın rawajlandırıw;

- Emotsiyalıq tásir alıwshılıǵın, sensorlıq uqıplılıqlar menen lad, ses qatarda biyik dawıslardı ayıra biliwin, ritmdi seziwin jetilistirip, qosıqshılıq dawıs penen háreketlerin rawajlandırıw;

- Qosıq aytıwdıń ápıwayı túrine hám qıymıl háreketlerine úyretiw, bul iste muzıkalıq shıǵarmalardıń tábiyǵıy hám tásirli orınlanıwın qadaǵalaw;

- Muzıkalıq shıǵarmadan alǵan tásirleri menen muzıka haqqındaǵı túsinikleri tiykarında muzıkalıq talǵamı payda bolǵan balalardıń dáslepki juwmaq shıǵarıwına járdemlesiw, ol ushın aldı menen olardıń muzıkalıq shıǵarmalardı tıńlawına, soń bahalay biliwine járdemlesiw;

- Muzıkanıń  balalarǵa túsinikli barlıq túrlerinde: oyınlar menen háreketlerde hárakterli obrazlardı beriw, úyrengen ayaq oyın háreketlerin ózleri tapqan jańa úylesimlerge paydalanıw; oydan shıǵarǵan ortasha qosıqların aytıwda dóretiwshilik shaqqanlıqtı rawajlandıra biliw;

- Hár tárepleme  úyrengen repertuardı kúndelikli turmısta qollanıwǵa degen usınıs penen talpınıw, muzıkalıq áspablarda oynawǵa, qosıq aytıp, ayaq-oyın oynawǵa degen qúshtarlıǵın qáliplestiriw.

Xalıq shıǵarmaları, kompozitorlar dóretpelerindegi balalarǵa arnalǵan muzıkalıq shıǵarmaları arqalı muzıka oqıtıwshıları, belgili sazendeler óz tárbiyalanıwshıların psixologiyalıq jaqtan, estetikalıq, ádep-ikramlılıq sezimlerge bay etip tárbiyalap kelgen.

Balalarǵa muzıkalıq tárbiya beriwde sabaqtı durıs shólkemlestiriw, kóbirek usı mártebeli minnetke jetiw jolında kómekshi boladı. Mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa tálim-tárbiya beriwdiń tiykarǵı maqset hám wazıypaları balalardı fizikalıq hám aqılıy tárepten rawajlandırıw, olardıń ruwxıy jeke qábiletleri, umtılıwları hám talapların qanaatlandırıw, milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa, mektepke shekemgi jastaǵı balalar tálim-tárbiyasına qoyılatuǵın mámleket talaplarına muwapıq mektep tálimine tayarlawdan ibarat.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı muzıkalıq shıǵarmalar arqalı olardıń dún`yanı mazmunlı tanıwın hám qorshap turǵan ortalıqqa kózqarası durıs túsinikler menen tolısıp  bayıp tursa, balanıń sanasında keleshek ushın kerekli bolǵan, jaqsı, unamlı nárseler qáliplesip jetilisip baradı.

## 2.3.Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń sazendelik hám qosıqshılıq qábiletin rawajlandíríw iskerligi hám bilim alıw dóretiwshilik úqıbın rawajlandırıw

Oqıtıw hám rawajlandırıw procesiniń óz ara baylanıslılıq mashqalası didaktikanıń jetekshi mashqalalarınan biri bolıp tabıladı. Usı mashqala sheńberinde bir qatar didaktikalıq wazıypalardıń sheshimin islew talap etiledi. Sonıń ishinde, oqıw-biliw túri hám biliw procesin rawajlandırıwdıń baylanıslılıǵı sıyaqlı.

Kóplegen qánigeler shaxstıń rawajlanıwı materiallıq dúnya menen baylanıslı bolıp, insannıń turmıs tárizi onıń ańın belgileydi, dep esaplaydı. Insannıń balalıqtaǵı rawajlanıwında oqıw-biliw uqıbı áhmiyeli orın iyeleydi. Balalardıń ózlestiriw uqıbınıń rawajlanıwı birinshi gezekte olardıń ilimiy hádiyseleler, pikirler, ideyalar, dáliller hám sociallıq tájiriybeni ózlestiriwi nátiyjesinde ámelge asadı.

Pedagogika páninde rawajlanıw hám oqıtıwdıń óz ara baylanıslılıǵı ózine tán tariyxıy rawajlanıw jolına iye. Dáslep pedagoglar balalardıń rawajlanıwı óz-ózinen ámelge asadı, degen pikirdi alǵa qoyǵan. Sońǵılıǵında bolsa, bilimlendiriwdiń rawajlanıwǵa bolǵan tásirin anıqlaǵanınan soń olar bul tásirdiń avtomatlıq xarakterge iye ekenligin atap ótken. Oqıwdıń keń qamtıwlılıǵı hám kóp qırlılıǵı menen kórsetilgen mashqala bilimlendiriw xám rawajlanıwdıń óz ara baylanıslılıǵı túrinde túsinile baslandı.

Intelektual rawajlanıwda óz-ózin húrmet etiwdiń tiykarın balalardıń jeke unamlı tájiriybesi quraydı. Bul oqıw-biliw procesinde kózge taslanadı. Baqlawlarımız sonı kórsetpekte, kópshilik mektepke shekemgi jastaǵı balalarda bunday tájiriybe joq. Óz jumısı nátiyjesinen qanaatlanbawdıń ózi ǵana balalardıń óz-ózin húrmet etiwdiń tiykarın quray almaydı. Bul baǵdarda áhmiyetli orın iyeleytuǵın nızamshılıqlardan biri – balalarda belgili bir oqıw túrlerinde ózlestiriw uqıbınıń rawajlanıwı, jeke teńlik hám óz-ózin húrmet etiwinde bolıp tabıladı.

Balalardıń ruwxıy dúnyasına muzıkanıń tásiri kúshli. Sebebi muzıka, bala ana qarnında rawajlanıp atırǵan dáwirde-aq óz tásirin tiygizedi.

Házir biziń zamanımız hár tárepleme rawajlanbaqta, texnikalıq jaqtan da rawajlanıp, hátteki balalar oyınshıqlarında, mashina signallarında, uyalı telefonlarda hám t. b bir frazalıq muzıka jańlaydı.

Muzıka sabaǵın oqıtıw balalar baqshasınan baslap ámelge asırıladı. Balalar baqshasındaǵı balalardı tárbiyalawda eń birinshiden muzıka, yamasa nama tıńlatamız.

Muzıka sabaǵı balalarǵa estetikalıq tárbiya berip olardıń mádeniyatlı hár tárepleme rawajlanıwına járdemlesetuǵın oqıw pániniń biri esaplanadı.

Pedagogikalıq sóylesiwden balalar oqıtıwda, tárbiyalawda paydalanıw zárúrligi tómendegi imkaniyatlardan kelip shıǵadı.

1. Sóylesiw psixologiyalıq qarasınan zárúrlik túri.

2. Xızmet túri, yaǵnıy álemde shaxs rawajlanıwı imkaniyatları bar.

3. Pedagogikalıq hám oqıwshı shaxslar aralıq qarım-qatnas hám sóylesiwleri arqalı birgeliktegi qural.

4. Bul birgelikke pedagog hám oqıwshı jaqsı qatnas imkaniyatına iye.

Pedagogikalıq sóylesiwde oqıtıwshı bilimler beriw deregi, oqıwshılardı individual shaxsiy psixikalıq sıpatıların biliwge umtılıwshı, sonıń menen birge, jámáát xızmetin hám múnásibetlerin quraytuǵın sub`ekt sıpatında kórinedi. Tálim hám tárbiyanıń maqsetlerin ámelge asırıwda hár bir muzıka basshısı óziniń kásiplik pedagogikalıq individual sıpatlarına iye. Bul sıpatlar pedagogtıń xızmet motivleri, tálim-tárbiya mazmunı hám onıń metodlarına oqıtıwshılarǵa múnásibetleri formasında ámeliy xızmette pedagogikalıq metodikalıq kórinisinde sáwlelenedi.

Tabıslı islew ushın hár bir sazende, pedagogikalıq sheberlikke iye bolıwı zárúr. Pedagogikalıq sheberlik iyesi óz miynetin sarıplap úlken nátiyjege erisedi. Al dóretiwshilik bárhá onıń járdemshisi boladı.

Pedagogikalıq sheberliktiń eń áhmietli elementleriniń biri-bul pedagogikalıq is-hárekettegi qábiletlilik bolıp esaplanadı. Qábilet hámme insanlarda bar bolıp, ol hámmede birdey bolmaydı: birewde joqarı, birewde orta hám birewde tómen

dárejede bolıwı múmkin. Tek ǵana aqılı zayıl adamlarda qábiletti ushırata almaymız. Baqsha sazendesiniń tiykarǵı xızmeti insandı qáliplestiriwge qaratılǵan.

Qábiletlilik oqıtıwshılıq, xızmet dawamında payda boladı hám rawajlanadı, qábiletlilikti rawajlandırıw ushın ziyreklilik, aqıllılıq, talant, yaǵnıy insan nerv sistemasında anatomo-fiziologik qásiyet bolıwı da zárúr. Oqıtıwshınıń ayırım psixikalıq protsessleri onda shaxsqa tán sıpatlardıń sonday kompleksin quraydı, bunı pedagogikalıq qábilet dep atawǵa boladı. Eń áhmiyetlisi jetekshi qábiletlilikti tańlap alıwdan ibarat bolıp, olarsız sazende, óz isiniń sheberi bola almaydı. Sazendeniń kásiplik jumısınıń tabıslı bolıwı pedagogikalıq uqıplılıqlarǵa baylanıslı. Pedagogikalıq qábilet tárbiyashlıq tarawda tabıslı islew ushın tiykar bolıp tabıladı.

Qábilet - shaxstıń belgili bir xızmet barısındaǵı ziyrekligi hám onıń óz jumısın tabıslı orınlawındaǵı sub`ektiv shart-sharayatlardı sıpatlawshı jeke psixikalıq qásiyet bolıp esaplanadı.

Pedagogikalıq iskerliktiń nátiyjeli bolıwı ushın sazende,de qábilettiń tómendegi túrleri bolıwı hám tárbiyalap jetilistiriliwi lazım.

1. Biliw qábileti -bul pánniń tiyisli bir tarawlarına tán (matematıka, fizika, biologiya, ádebiyat x.t.b) qábilet bolıp tabıladı. Bunday qábiletke iye bolǵan sazende, pándi oqıtıw menen sheklenbey, bir qansha keń hám tereńirek úyrenedi, óz páni tarawındaǵı ózgerislerdi bárhá baqlap baradı, izertlewler júrgizedi.

2. Baqlawshılıq qábileti- tárbiyalanıwshınıń ishki dúnyasına kire alıw qábileti, bala jekkeligin hám onıń waqıtshalıq ruwxıy jaǵdayın júdá jaqsı túsine biliwi menen baylanıslı boladı. Bunday sazende, balanıń psixologiyasındaǵı kózge ilinbeytuǵın ózgerislerdi tez bayqaydı. Oqıwshılar bunday sazendelerdi tez bayqaydı. Balalar bunday sazendeler «Balanıń qapa bolǵanlıǵın, yaki tayarlanbaǵanlıǵın kózinen biledi, qaramay turǵanǵa usaydı, biraq hámme nárseni kórip turadı»- deydi.

3. Sóylew qábileti- sóz járdeminde, sonday-aq qarım-qatnas quralında óz pikirin hám sezimlerin anıq hám ayqın táriyplew qábileti. Bul sazendeshilik kásibi ushın júdá zárur.

Sazendeniń sózi bárhá sabaqta balalarǵa qaratılǵan boladı. Pikirdıń táriypleniwi balalar ushın anıq, ápiwayı, túsinikli bolıwı shárt.

Qosıq qosıq aytıw jumısları balalar tarbiyasında muzıka jetekshisi orın iyeleydi. Bul jumıs túri balalarǵa basqa jumıs turlerine qaray jaqın hám túsinedi. Balalar qosıq qosıq aytıwdi jaqsı kóredi. Qosıq aytıw balalar atqarıwı jumısı ishinde jetekshi jumısı turi bolıp, ol balalardıń muzıkalıq-estetikalıq tarbiyasında belgili orın iyeleydi. Jaqsı qosıq menen balanı quwandıradı, hár tárepleme kamal taptıradı hám  tarbiyalaydı. Saz qosıqlarınan ayırmashılıǵı qosıq aytıw kushli emotconal tásir kúshine iye. Sebebi qosıqta tekst  hám muzıka kórkem birligi kórinedi. Qosıq aytıw bala shaxsı tarbiyasında hár tárepleme tásir kórsetedi. Qosıq insan aqıllılıq kamalatın ósiwine, kóz qarasın keńeyiwine, átirap-alem haqqındaǵı pikirlerin  bayıtıwǵa xızmet qıladı.

Qosıq qosıq aytıw processınde olar muzıkanı tereńrek túsinip jetedi, óz waqiyaların hám sezimlerin aktiv túsindiredi. Qosıqtıń teksti balalarǵa muzıka mazmunı túsiniwge hám namanı ańsatraq ózlestiriwge járdem beredi. Qandayda bir sazda atqarılǵan namaǵa qaray dawıs penen atqarılǵan qosıqtı balalar jaqsılaw túsinedi.

Qosıq aytıw processınde balalarda muzıkalıq qábilet rawajlanadı: muzıkalıq esitiw qábileti, muzıkalıq eslep qalıw, ritm kólemi, shonday-aq, qosıq qosıq aytıw muzıkalıq qábiletlarinen: metr hám ritm kólemi, muzıkalıq esitiwi, lad kólemi rawajlanadı.

Jamaat bolıp qosıq aytıw jumısı oqıwshılardı muzıkalıq oqıw qábileti hámde atqarıwshılıq kónlikpelerin rawajlandırıw ushın zarúr. Toparda jámáát bolıp qosıq aytıw processınde oqıwshı óz hawaz atqarıwın basqarıwın, ustazları atqarıwın esitip, baqlawın hámde olar menen birgelikte qosılıp aytıwǵa úmtıladı, jámáát bolıp birlik, birlesip ózaro doslıq sezimin tarbiyalanadı.

Qosıqlardı úyreniw balalarda tek muzıka sawatın, balki muzıkalıq dunyaqarası, muzıkalıq sezim, muzıkalı oy-orıs hám sol siyaqlı sıpatların qáliplestiriwge xızmet qılıwı ámelde óz isbatın taptı.

Balalar mektepke shekemgi bilim beriw mákemelerinde kelgen baslawıwsh kúnlerindenaq, kórkem ónerge, ásirese, muzıkaǵa umtılıw hám qızıǵıwları joqarı boladı. Sonıń ushın muzıka sabaqlarında balalardıń shaxs sıpatında qáliplesiwine ayrıqsha itibar qaratıw kerek. Bul muzıka basshısınıń qániyge, óz tarawınıń ustası sıpatında bilimliligi hám dóretiwshilik barkamallıǵına baylanıslı.

Balalardıń kishi dawirinen qosıqtı mánisin túsinbese de, onıń mazmunı hám muzıkasına tusinigi hám oǵan sezimine múnásebetin bildiredi. Baladıń rawajlanǵanı sayın, soylew hám turmıs dawamında alǵan kónlikpeleri qosıqtı ulıwma namanı túsine alıwǵa jardem beredi.

Qosıq qosıq aytıw bala ruwhiyatına tásir qılıwı barabarında, onıń fizikalıq rawajlanıwı ósiwi hám rawajlanıwında da úlken tásir kórsetiwshi bazası. Jámáát bolıp qosıq aytıw sabaqlarında oqıwshılardıń dıqqat-itibarı, sanalılıǵı hám jumısı asadı, muzıkalıq eslew qábileti jaqsı rawajlanadı hám úyrengen qosıqlardı atqarǵanda, quwanıw sezimi payda boladı. Qosıqtı saz mánisi hám muzıka ırǵaqın tereń túsinedi hám shıǵarmanı mazmunı arqalı turmıstı úyrenedi.

Qosıq aytıw balalardıń soylewi hám rawajlanıwına baza jaratadı. Qosıq sazları sozıp atqarǵanlıǵı sebepli balalar jańa sazlardı buwınlap, qátesiz úyrenedi. Muzıka basshısı hám tarbiyashıları saz asbaptıń tuwrı atqarılıwın tekserip orınlaydılar.

Qosıq aytıw processı balalardı ulıwmalıq keypiyatı menen birlestiredi, olar birgelikte jumıs islewge úyrenedi. Olar asıǵıp kiyatırǵan yamasa arqada qalıp kiyatırǵan dosların esitedi hám olardı bir qıylı tempte qosıq aytıwǵa shaqıradı.

Qosıq aytıw – muzıkalıq tarbiyanıń tiykarǵı quralı, ol basqa jumıslarǵa qaray balalar ushın juda jaqın. Qosıq atqarıp olar muzıkanı jánede aktiv túsinedi.

Qosıq teksti bolsa mazmunı jaǵınan qosıq namasın ańlawǵa jardem beredi.

Bala esitiw qábileti (slux) hám dawısın rawajlandırıwdıń ózine say ózgeshelikleri.

Qosıq — ses shıǵarıwdıń quramalı processlerinen biri bolıp, tiykarınan ses esitiw organlarınıń jámleniwi tiykarın quraydı, yaǵnıy esitiw apparatı hám qosıqshılıq hawazınıń ózara baylanıslılıǵı. Tıńlaw qábiletiniń qáliplesiwi —

balalardıń kishi jasınan rawajlanadı. Olar muzıka basshısı yamasa tárbiyashısı atqarıp bergende qosıq, nama yamasa namanıń tazalıǵınsha tıńlaydı hám barlıǵınsha atqarıladı.

Kishi jastaǵı balalar 2-3 ta nota aralıǵındaǵı qosıqlardı atqara aladı. Balalar úlkenlar qosıqların esitipó soń ózleri de sol qosıqtı úlkenlerge úqsap atqarıwǵa háreket qıladı. Mektepke shekem jastaǵı balalarda dawıs apparatı tolıq rawajlanbaǵan (ses svyazkası rawajlanbaǵan, názik, dem alıwı kúshsiz hám t.b.). Bala rawajlanǵanı sayın organizm hám qosıqshılıq organları da qáliplesedi. Mektepke shekem jastaǵı bala dawısı jeterli dárejede bólmaydı.

Qosıqlardı tómendegi talaplarǵa qaray tańlaw úsınıs etiledi:

1. Qosıqtı tarbiyalıq ahmiyeti, ideyalıq mazmunı, muzıkalıq dúzilisi hám xarakteriniń balalar jasina saylıǵı.

2. Qosıq tekstın ańsatlıǵı, kórkem joqarılıǵı, balalardıń sóz baylıǵına say hám olardıń sóylewi hám pikirlewin ósiriw ushın xızmet qılıwı.

3. Qosıq ırǵaqın, onıń xarakteri (shoxlıǵı, quwanıshlı, marsh, muńli, qayǵılı, bayramday kóterinki ruwxta), lad hám tessiturası, dawıs diapazonı balalar jasına say bolıwı.

4. Qosıqtıń kórkem ózgeshelikleri hám túsinikligi, balalar túsinip jetiwine saylıǵı, garmoniyalıq dúzilisi hám namasınıń ajayıplıǵı.

5. Qosıq forması (1, 2 bolimi yamasa kuplet formasında dúziliwinde) naqırattıń barlıǵı.

Qosıqtı tańlawdaǵı balalarǵa qısqa, mazmunlı, obrazlı, qızıqlı aytıp beriledi. Qosıq mazmunındaǵı ádeplilik, tabiyat, Ana Watan, miyir-muhabbat haqqındaǵı ideyalardı balalar sanasına sińdirip, olarda qızıǵıw oyatadı.

Kórkem qosıqlar qatarına D.Omonullaevanıń balalar ushın jazılǵan «Dilaramdın qosıǵı», «Buvijonim», «Aziz bóston —Ozbekstan», «Navzózim», «Ózbekstan — Vatanim manim»; N.Norxójaevtıń «Óynasangchi tipratikan», «Nevaralar qóshiǵi», «Kapalak va kamalak», «Kakligim»,«Shaftoliga savolim», «Navózim — shux sozim», «Salom bergan balalar», «Buvijonim jaqsısiz», «Gullar manim kulganim», «Jaqsı bala», «Biz askarmiz»; Sh.Yormatovdıń «Ay-yay-yay»,

«Islom bobo»; A.Mansurovtıń «Muzqaymoq», «Vatanginam»; F.Nazarovdıń «Inoqóynaymiz», «Paxtaoy», «Qish choǵlari» hám basqa kóplegen Ózbekstan kompozitorlarınıń qosıqları balalar dóretiwshiliginde sónmas iz qaldırıp olardıń kórkem tarbiyası hám talǵamın ósiriwge járdem beredi. Qosıqtı tarbiyashı mazmunlı etip atqarıp beredi.

Balalar tolıq bolmaǵanlıǵı sebepli qosıq úyreniw formaları órgertirip túrıladı. Máselen: Toparlarǵa bolıp úyretiw; jeke hám topar menen; muzıkalıq háreketler járdeminde ámelge asırılıp; qosıq tekstına say ayaq-oyın elementlerin oynap kóriwge hám ózleri onı atqarıwǵa úndew jaqsı nátiyje beredi.

Qosıq tolıq úyrenilgennen soń olardıń qızıǵıwı jánede artadı. Sonday-aq, sabaq formaların ózgertirilip túrıw da sabaqlarda balalardıń zerigiwin aldın alıp, qızıǵıwın kúsheytiredi.

*Qosıq aytıwǵa úyretiwdiń metodları hám jolları muzıka* basshısı balalarǵa qosıqtı úyretiwden aldın qosıqtı tanıstırıwı, kompozitorı haqqında, shıǵarmanıń teksti, mazmunı haqqında soylep beriw kerek, bir sóz menen aytganda balalarda bul qosıqtı úyreniw ushın qızıǵıwların oyatadı.

Qosıq qıyınshılıqları hám olardı aldın alıw jolları:

1. Qosıqta sekrema háreketler kóp. Bular balalar qosıq aytıwı ushın qıyın. Sonıń ushın taza qosıq aytıwǵa ayrıqsha itibar qaratıw kerek.
2. Qosıqta punktlı ritmlarınan da keń paylanılǵan hám olardı anıq ayttırıw kerek.
3. Ligalı notalar. Bunday notalar tiykaran jumlalar sońında ushrasadı hám bunı dúrishám taza qosıq aytıwǵa erisiw kerek.

Bala shaxsın qáliplestiriwinde hám rawajlandırıwda shańaraqtaǵı sharayattı tásiri juda úlken. Baladaǵı eń kerekli individual ózgeshelikleri shańaraqtaǵı bar bolǵan social psixologiyalıq sharayat tásirinde qáliplesedi. Qosıqtıń mazmunına bolǵan umtılıw bala sanasına ana allası arqalı rawajlandırıladı. Bunda ata-ana, shańaraq aǵzaları ortasındaǵı ózara múnásebet, kórkem óner, muzıkalıq mádeniyatǵa bolǵan múnásebetler úlken orın iyeleydi Sonday-aq,

Respublikamızda shańaraq tarbiyasına mámleket siyasatı dárejesinde qaralıp kelinip atır.

Hár tárepleme barkamal mádeniyatlıi shaxs dáslep, shańaraqta qáliplesedi. Balalar qosiqti stollarg'a suyenip otirg'anhalda qosiq aytadilar. Bul waqitta olar denesin duris uslawi lazim. Qosiq aytip atirg'anda qollar dizesinde boliwi shart. Qosiq mazmunina mas muzıkaliq ritmik háreketler islewi balalardiń kókirek bólimi dem aliw jollari jaqsi rawajlaniwina járdem beredi. Qosiq aytiw jeńil hám ańsat ámelge asiriliwi sebepli balalar diqqatin tez jalp etedi. Qosiq repertuarini tańlawda balalardiń tómendegi dawis diapazoni qag'iydalarg'a riaya etiw tabsiya etiledi:

-eki-úsh jasli toparlarda dawis diapazoni mi1-lya1;

-úsh-tórt jasli toparlarda dawis diapazoni re1-lya1;

-tórt-bes jasli toparlarda dawis diapazoni re1-si1;

-bes-alti jasli toparlarda dawis diapazoni re1-do1;

-alti-jeti jasli toparlarda dawis diapazoni re1-re2.

Barliq topar balalari ushin (fa1-si1) jeńil primar registr esaplanadi. Soniń ushin kishi topar diapazonli qosiqlar, turli vokal-xor shinig'iwlar kóbinshe mazkur registrda qosiq aytiw maxsetke muwapiqdir. Qosiq aytiw dawaminda balaniń fikrlew qábileti, nutqi, idoraki ósedi. Balalar dawsin asrap tarbiyalawiniń zárúr shar'rtlerinen biri qosiqlardi olardiń jasina hám dawis diapazonina qátiy riaya etiw kerek.

Orta topar balalariniń átirapindag'i hádiyselerge qizig'iwi ansha artadi, olar muzıka basshina túrli sorawlar bere baslaydilar. Bul jasta nutq rawajlaniwinda jiddiy ózgerisler júzberedi: balalardiń sóz baylig'i atradi, olar tevarak-atirap haqqinda fikr júrite alatug'in bóladilar, badiiy shig'armalarg'a, muzıka-ritmne tásirshenlik kúsheyedi. Balalar tanis qosiq hám namalardi bilip aladilar, muzıka atlarin aytadilar. Balalar dawistiń bálentligini, tembrini farqlay aladi, muzıka basshisiniń dawsina jaqsi maslasadi, sozip qosiq ayta baslaydilar. Olar juriw, júgiriw ritmi, jarqin dinamik hám temp ózgerislerin, shig'armaniń 2qismli túrin háreket penen ifadalay aladilar.

Orta toparlarda muzıka shinigiwlardi ótkeziwden maqset hám kózde tutilg'an waziypalar tómendegilerden ibarat:

-túrli usildag'i muzıka shig'armalarina qizig'iwshiliqti oyatiw;

-muzıka janrag'anda ondag'i ózgerislerdi biliw;

-dawislerdiń bálent-pásligin, 2-3te balalar saz asbapleriniń tembrlarini farqlaw;

-tanis qosiq hám namalardi tinlap farqlaw qábileti hám malalkalarini tárbiyalaw;

-oyin hám obrazli háreketlerdi úyreniwde muzıka hám háreket birligini rawajlandiriw.

## Juwmaqlaw hám úsınıslar

Muzıka kórkem óneri insannıń belgili bir túri bolıp, ónıń wazıypası jamiyetke estetikalıq xızmet kórsetiw. Sol mániste onıń ornın hesh bir nárse basa almaydı. Muzıka sociallıq turmıstıń bárlıq tarawlarında jedel tezlikte  orın aladı. Solay etip, waqiyalıqqa bolǵan estetikalıq múnásebet kompozitorlar tárepinen jaratılǵan muzıka shıǵarmalarında, miynette, kúndelikli turmısta hám adamlar múnasebetine alıp kiriletuǵın kórkem tiykarlarda kórinedi.

Muzıka shıǵarmaların úyreniw hám tıńlaw procesinde balalar bir qansha shıǵarmalardı eslep qalıwı, sol shıǵarmalar haqqında tuwrı túsınik payda etiwi, hátteki olardı jaqsı kóriwi menen birge, muzıkanıń tásırshenlik quralları haqqında maǵlıwmat alıwı zárúr.  Muzıka oqıtıwshısı hár bir sabaǵında  shıǵarmanı qayta atqarıwda sol shıǵarma haqqındaǵı maǵlıwmatlar sheńberiniń áste-aqırın keńeyttiredi, jańa dálil hám kóz qaraslardı, juwmaqlardı bayan etedi, shıǵarma dúzilisınıń basqa ózgesheliklerine balalar dıqqatın tartadı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde balalardıń muzıkalıq tárbiyasına ayrıqsha itibar beriledi. Muzıkanı tıńlaw biliw hám ondan zawıqlana alıw úlken sheberlik esaplanadı. Balalarda muzıkanı tıńlaw mádeniyatı eń kishi jastan baslap úyretip barıladı, muzıka mádeniyatındegi barlıq formalarında balalar

muzıkanı tınlap, úyrenip baradı. Muzıka tarbiyashısı balalardıń tıńlawın, atqarıwın, háreketin qadaǵalap barıwı, balalar tarbiyasına qattı itibarda bolıw juwapkershilik penen qarawı kerek boladı.

Milliy saz ásbapları, ayaq oyın, muzıkalıq ritmikalıq háreket, didaktikalıq oyın, muzıka sawatı hámmesin bala atqarıp emes kóbinese tıńlap oyına keldiredi. Muzıka tıńlaw arqalı balalardıń kórkemlik jaqtan sana-sezimi rawajlanıp baradı. Muzıka sabaqlarında tıńlaw arqalı muzıka mádeniyatın asırıw ushın tómendegi talaplarǵa qaray shıǵarma tıńlaw usınıs etiledi.

Balalarga muzıka tıńlatıwda olardıń jasına sáykes xalıq, ápiwayı qosıqlardı tıńlatıw, balalar muzıkalıq shıǵarmalar haqqında, tıńlaǵan shıǵarmaların atların eslew, bir nárseniń dawısına úqsatıw, qosıq mazmunı, xarakteri haqqında sóylep beriw sıyaqlı wazıypalardı orınlaydı.  Muzıka basshısı olardı shıǵarma kompozitorı menen tanıstırıp, qosıq mazmunın talıqlawdı úyretip baradı, tıńlaw barısında olardı pikirlew sheńberin keńeytip, soraw-juwap metodları arqalı olardıń sóylew uqıbın, dikciyasın, dıqqat itibarın asırıw hám tıńlaw mádeniyatın qáliplestiriwi zárúr.

Balalardıń muzıkalıq talǵamın qáliplestiriw ushın balalarǵa qızıqlı qısqa mazmunlı shıǵarmalardı tıńlatıw hám soylep nama xarakterin túsindirip barıladı. Qısqa kolemdegi shıǵarmalardı balalar tez qabıl etedi, sol sebepli olarǵa qısqa balalar ushın jazılǵan shıǵarmalardı esittiriledi. Muzıka basshısı birinshi náwbette, shıǵarmanı tanıstırıwda balalarga qısqa, anıq mazmunlı, qızıqlı kiris sózi muzıka tıńlaw procesinde áhmiyetli rol oynaydı. Sonda balalar da shıǵarmanı tolıq qabıl etiwge háreket qıladı. Bir muzıkalıq shıǵarmanı 4-5 sabaq dawamında tıńlatıw shárt. Hár sabaqta tıńlaganda shıǵarmanıń jańa ashılmaǵan tárepleri kórine baslaydı, qızıǵıwshılıq, muzıkaǵa bolǵan muxabbatları artıp baradı. Tıńlagan shıǵarması mazmunı, xarakterin ajıratıw menen birge óz tásirleniwleri menen bólisiwge úyretedi. Bunda seslerdiń ırǵaqları, ırǵaqlardan bolsa nama payda bolıwı haqqında túsinikke iye bolıwı siyaqlı túsiniklerdi olarǵa ápiwayılıq penen túsindiriledi.

Balalar qosıq esitiw hám atqarıw arqalı dawıs hám esitiw organlarınıń birlesiw tiykarın quraydı, yaǵnıy esitiw apparatı hám qosıqshılıq hawazınıń  ózara

baylanıslılığı bolıp tabıladı. Esitiw qábiletiniń rawajlanıwı balalardıń kishi jasınan rawajlanadı. Olar muzıka basshısı yamasa tárbiyashı qosıq aytıp bergende qosıq, namanı taza esittirip taza aytıwǵa úyretiledi. Kishi jastaǵı balalar 2-3 nota aralıǵındaǵı qosıqlardı ayta aladı. Balalar úlkenlerdin namaların esitip, keyin ózleri de sol namanı úlkenlerdey aytıwga háreket etedi. Mektepke shekemgi jasındaǵı balalarda dawıs apparatı tolıq rawajlanbaǵan, bunda ses apparatları rawajlanbaǵan, názik, nápesi kúshsiz falcet boladı. Bala rawajlanǵan sayın organizm hám qosıqshılıq organları da jetilisedi. Mektepke shekemgi jasındaǵı bala dawısı jeterli dárejede jarqınlıǵı bolmaydı. Balalardıń diapazonı, imkaniyatları haqqında tarbiyashı oqıp úyrengen bolıwı tiyis. Sebebi qosıq ayttırǵanda balalardıń dawısları zorıǵıwı múmkin. Bul mashqalaǵa jol qoymaw ushın anıq maqsetke jóneltirilgen hám puxta oylap shıǵılgan repertuar tańlanıwı, buǵan tiykarǵı itibardı qaratıwı zárúr.

Bala qosıqtı durıs aytıw ushın onda qosıqshılıq, vokal-xor kónlikpelerin qáliplestiriw, qosıqshılıq kónlikpeleri, ritmikalıq háreketleri namaǵa qosılıw siyaqlı texnikaların baqsha tarbiyashısı úyretip baradı. Bul bolsa balanıń erkin pikirlewi, taza dikciyalı hám gózzal hayazın rawajlanıwına iye boladı. Qosıq tıńlaw hám oǵan ritmikalıq háreketler menen balalar dóretiwshilik qábiletleriniń rawajlanıp barıwı, social turmıstı, dógerek átiraptımuzıkalıq gózzal obrazlar menen kóre aladı. Balalar maqshalarında muzıkalıq tarbiya jumısları kórkem ádebiyat, suwretlew óneri, denatarbiyası menen baylanısta ámelge asırıladı. Muzıka basshısı hár qıylı pedagogikalıq kompetenciyalardan paydalanıp, hár bir muzıka sabaǵı kishkentaylarǵa kórkem-estetikalıq quwanısh oyatadı, olardıń ishki dunyası, estetikalıq sezimleri qáliplesedi, dóretiwshilik qábiletleri hám soylew mádeniyatı ósedi. Bul bolsa balalardıń aqılıy hám fizikalıq rawajlanıwında zárúr áhmiyetke iye esaplanadı. Jaqsı únamlı tarbiyalıq qásiyetlerdi jas awlatqa baqsha jasınan qáliplestiriwde estetika tarbiyasınıń ishki bolegi bolıp esaplanadı.

# PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

## I. Ózbekstan Respublikası Prezidentleri shıǵarmaları

1.Мирзиёев Ш.М. “Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз” мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Президенти лавозимига киришиш тантанали маросимига бағишланган Олий Мажлис палаталарининг қўшма мажлисидаги нутқи. – Т.: “Ўзбекистон”, 2016. – 56 б.

2.Мирзиёев Ш.М. “Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва халқ фаровонлиги гарови” мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 24 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. – Т.: “Ўзбекистон”, 2017. – 48 б.

3.Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳлил, қатъий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак. –Т.: “Ўзбекистон”. – 2017.– 102б.

4.Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб ҳалқимиз билан бирга қурамиз. – Т.: “Ўзбекистон”, 2017. – 488 б.

5.Karimov I.A “Joqarı manawiyat jeńilmes kúsh” –T.: “Manawiyat” 2008y. 62-bet.

## II. Normativ xujjetler

6.Ózbekiston Respublikasining “Kadrlar tayyorlash milliy dasturi”.-T.: Ózbekiston, 1997y.

7.Ózbekiston Respublikasining “Tálim tóg’risida”gi qonuni.-T.: Ózbekiston, 1997y.

8.Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2014.

9.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида”ги 4947-сон Фармони.

10. «Ilk qadam» Maktabgacha tálim muassasasining Davlat o‘quv dasturi. T.: 2018.-62 b.

**Ш. Arnawlı ádebiyatlar**

11. Бахритдинова Н.Ўзбекистон болалар хор маданияти. Т.-2002й.

12.Didaktika.1997 y. «Fan»nashriyoti. Buxoro-255b.

13.Jumasheva G.X. Balalarǵa qaraqalpaq tilin uyretiwde Didaktikalıq oyınlardan paydalaniw. - N.: Bilim. 2011. -60 b.

14.Маврулов А.А. “Ўзбекистон Республикаси Президентининг асарларида жамият ривожи ва таълим-тарбия масалалари” модули –Тошкент 2018й 76.б.

15. Лернер И.Я. Дидактические основы методов обучения. –М.: Педагогика. 1981.

16.Róziyeva D. Uzluksiz interfaol tálimnıń dıdaktik inkoniyatları. Uzluksiz tálim.-T.: 2014yil, 4-son. 128 b, 3-4b.b.

17.Rahmonova D. Maqolası Márifat. 2019-yil 2-mart, № 17(9186)-6-bet

18.Sharipova.G. Musiqa óqitish metodikasi.-T.: 2000 y. 56b

19. Ҳасанов А. Мусиқа ва тарбия. - Тошкент, - Ўқитувчи, 1995 - йил.

20. Шостакович.Д. Знать и любить музыку. М.1958.г.

21. Yusupova P. Mektepke shekem tarbiya pedagogikasi. T.: Óqituvchi. 1993.

**Elektron tálim resursları:**

22. ZiyoNET.uz

23.www. pedagog.uz

24.www. edu. uz

## OSMONDAGI OY

*O'zbek xalq aytishuvi*

*N. Norxo'jayev musiqasi*

**Moderato**



# Jıllı sóz benen

X. Saparov sózi

B.Qalmenov muzıkası



**MAZMUNI**


| | |
|---|---|
| *Kirisiw* | *3-8* |
| *I-Bap. Mámleketimizniń rawajlanıw jolı hám muzıka tálim-tárbiyasın búgingi kundegi jaǵdayı*<br>*1.1.Mámleketimizniń muzıka táliminiń bugingi kúndegi tarbiyası jumısları* | *9-20* |
| *1.2. Mektepke shekemgi jastaǵí balalarǵa tálim beriwde pedagogikalíq kompetenciyası hám didaktikalıq oyınnıń tiykarǵi rawajlandırıwshi áhmiyeti* | *21-25* |
| *1.3. Balalardí estetikalíq tárbiyalawda muzíkanıń tarbiyalıq áhmiyeti* | *26-34* |
| *II-Bap. Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham tarbiyası*<br>*2.1.Muzıka iskerlik turleri* | *35-42* |
| *2.2.Mektepke shekemgi mákemelerde muzíka tálim-tárbiyasí hám oqıtıw metodikası* | *41-51* |
| *2.3.Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń sazendelik hám qosıqshılıq qábiletin rawajlandíríw iskerligi hám bilim alıw dóretiwshilik úqıbın rawajlandırıw* | *52-60* |
| *Juwmaqlaw* | *60-62* |
| *Paydalanılǵan ádebiyatlar* | *63-64* |
| *Qosımshalar* | *65-66* |

***Ájiniyaz atındağı NMPI, Pedagogika fakulteti Muzıka tálimi bakalavriyat tálim bağdarı IV kurs pitkeriwshisi Abdireimova Sayora Amanbay qizinıń "Mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemelerinde muzıka sabaği iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyeti" temasında jazğan bakalavr pitkeriw qániygelik jumısına ilimiy basshının juwmağı***

*Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde balalardıń muzıkalıq tárbiyasına ayrıqsha itibar beriledi. Muzıkanı tıńlaw biliw hám ondan zawıqlana alıw úlken sheberlik esaplanadı. Balalarda muzıkanı tıńlaw mádeniyatı eń kishi jastan baslap úyretip barıladı, muzıka mádeniyatındegi barlıq formalarında balalar muzıkanı tınlap, úyrenip baradı. Muzıka tarbiyashısı balalardıń tıńlawın, atqarıwın, háreketin qadağalap barıwı, balalar tarbiyasına qattı itibarda bolıw juwapkershiligi muzıka jetekshilerine júklenedi. Bil barısta pitkeriwshiniń alğan teması búgingi kun tarbiyashılar aldındağı aktual waziypalardan biri sanaladı.*

*Júmıs mazmunında milliy saz ásbapları, ayaq oyın, muzıkalıq ritmikalıq háreket, didaktikalıq oyın, muzıka sawatı hámmesin bala atqarıp emes kóbinese tıńlap oyına keltiriwleri, muzıka tıńlaw arqalı balalardıń kórkemlik jaqtan sana-sezimi rawajlanıp barıwı, tárbiyalıq maqset, mazmun, metodları arqalı jumıs nátiyjeliligin asırıwdağı jumıslar haqqında toqtalğan.*

*Jumıs eki baptan ibirat bolıp birinshi bapta muzıka tálim-tárbiyasın búgingi kundegi jağdayı, pedagogikalíq kompetenciyası hám didaktikalıq oyınnıń tiykarği rawajlandırıwshi áhmiyeti, estetikalíq tárbiyalawda muzıkanıń áhmiyeti hám muzıkanıń ádeplilik tárbiya ózgesheligi háqqında sóz qılınadı. Jumistiń ekinshi bápında mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemelerinde muzıka sabaği iskerligi ham tarbiyası, onıń metodikası, atqarıw jolları, dóretiwshilik qábiletlerin ósiriw metodikası haqqında sóz etiledi hám de bul masele kórsetip berilgen.*

*Bul jumıs barısında pitkeriwshi jumıs barısında kóplegen ádebiyatlardı hám internet materialların, temağa say bolğan máselelerdi, terminlik túsiniklerdi úyrenip talıqlay alğan hám muzıkanı oqıtıw metodikasın tolıq úyrenip shığğan.*

*Abdireimova Sayora Amanbay qiziniń "Mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyeti" temasında jazǵan bakalavr pitkeriw qániygelik jumısı mazmunı jaǵınan jaqsı, ilimiy tiykarlarǵa tiykarlanıp jazılǵan. Ádebiyatlardan dúris paydalana alǵan.*

*Jumista jetiskenlikler menen birge orfografikalıq kemshilikler ushırasadı, biraq bul kemshilikti jumıs sıpatın páseytirmeydi.*

*Abdireimova Sayoranıń jumısı jaqsı nátiyjelerge iye, ámeliyatta, baqshalarda muzıka tálimi processında muzıka tarbiya jumıslarında qollawǵa ádebiyat sıpatında talabalar kurs jumıslarında, ózbetinshe jumıslarında paydalana alıwǵa boladı. Pitkeriwshiniń "Mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyeti" temasında jazǵan bakalavr pitkeriw qániygelik jumısı Mámleketlik Attestaciya komissiyası bakalavr pitkeriw jumısı qaǵıydaları talaplarına juwap beredi, jumıs qorǵawǵa hám pitkeriwshi qániygesi boyınsha beriletuǵın kvalifikaciyasın alıwǵa ılayıq.*

***Ilimiy basshı:*** ***p.i.k. S.E.Romanova***

KADRLAR BÓLIMI XODIMLAR BO'LIMI

Ájiniyaz atındaǵı NMPI, Pedagogika fakulteti
Muzıka tálimi bakalavriyat tálim baǵdarı IV kurs pitkeriwshisi
Abdireimova Sayora Amanbay qiziniń "Mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyeti" temasında jazǵan bakalavr pitkeriw qániygelik jumısına

**PIKIR**

Muzıka tárbiyası ulıwma tárbiyanıń tiykargı bolimlerınen bolıp, átıraptaǵı gozzal nárselerdi sanalı túrde sezip onı tusıne alıwǵa uyretedi. Muzıka insannıń ruwhiy dunyasın qálıplestıredi. Muzıka tárbiyası bul estetika tárbiyasınıń kerekli bazası bólıp, jas awladtı kamalǵa keltıwde óǵan jetisisiwi ushın tásir etıwshi process. Bul process sjańaraqtan Ana hayyiwsinen baslap qálıplesedi hám jas awladtıń ishki dúnyasın bayıtıp, putkil ómiri dawamında óǵan joldas bólıp baradı. Muzıkanı seze alıw hám muzıkalıq estetika tárbiyasınıń tiykarı muzıka mádeniyati sabaqları esaplanadı. Bul barısta pitkeriwshiniń "Mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyeti" temasında jazǵan bakalavr pitkeriw qániygelik jumısı pedagogika tarawında aktual máselelerden biri.

Pitkeriw jumısın jazıw barısında temaǵa baylanıslı materiallardı toplawda, ilimiy juwmaqlar menen jumıs barısın ámelge asırıwda kóp izlengenligi kórinip turıptı.

Jumıs kirisiw, eki bap, juwmaqlaw hám paydalanılǵan ádebiyatlardan turadı. Jumıs temasi aktual maselelerden biri bolıp jumıstıń birinshi bápında muzıka háqqında ilimiy materiallardan, ilimiy juwmaqlardan paydalanıp maǵliwmatlar jazılǵan.

Jumıs mazmunında Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde balalardıń muzıkalıq tárbiyasına tarbiyashınıń pedagogikalıq komponentleri ashıp berilgen. Muzıka sawatın komponentlerin úyretiwdıń baslanǵısh dawiri temadan muzıka sabaqlarında qósıq atqarıwǵa shekem bolǵan kónikpelerdi balalarǵa úyretiw, sabaqta muzıkalıq ritmikalıq háreketler, balalar sáz ásbaplarında

shertiwge hám birge ritmnı seziw, muzıka dóretiwshilik jumısları, muzıka tarbiya jumıslarında balalardıń aktivligin asırıw, muzıka shıǵarmaların mazmunın olarǵa úyretiw, sonday-aq qosıqlardan tarbiya mazmunın ala biliw hám túsiniwge úyretiw haqqında jazılǵan.

Jumısda jaqsı nátiyjeli jazılǵan biraq jumısta ayrım jumıs boleklerin ajıratıp kórsetiw ushın grafikli sızba yamasa organayzerler arqalı ámelge asırılsa jumıs sıpatı jánede asar edi. Biraq, bul kemshilik emes, usınıs bunı kelesi jumıslarında inabatǵa alıwı jumıs sıpatın jaqsılawǵa xızmet qıladı.

Pitkeriwshi Abdireimova Sayoranıń "Mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemelerinde muzıka sabaǵi iskerligi ham onıń tarbiyaliq ahmiyeti" temasında jazǵan bakalavr pitkeriw qániygelik jumısı bakalavr pitkeriw jumısı qaǵıydaları talaplarına juwap beredi hám pitkeriwshi jumısı qorǵaw ushın tayar.

***Pikir beriwshi rásmiy opponent ÓzMKÓMI, Nókis filialı w.w.o. professorı, t.i.k. G.Xojametova***